ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№132 (23.790) ● 2018 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 30, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Лъэпкъ Iуэху

Анэдэлъхубзэхэр хъумэным хуэгъэпсауэ

Ди къэралым и Президент Путин Владимир иджыблагъэ Iэ тридзащ «Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэр хъумэнымрэ джынымкIэ фонд къызэгъэпэщыным теухуауэ» Указым. Дэфтэрым и фIэщыгъэм къызэрIуатэщи, абы и мурад нэхъыщхьэр лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэу икIи тхыдэ-щэнхабзэ щIэину диIэ анэбзэхэр хъумэнымрэ джынымкIэ зыхуэныкъуэ Iэмалхэр къызэгъэпэщыныр щ.

УКАЗЫМ зэрыщыжыIамкIэ, Фондыр яIэщIэлъынущ УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэмрэ Лъэпкъ IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэмрэ. Абы иIэнущ Фондым и правленэрэ абы хухах мылъкур зи нэIэ щIэтыну советрэ. Ялэм унафэр Iэщ1элъынущ, етIуанэр тKIийуэ кIэлъыплъынущ абы къекIуалIэ ахъшэр къызэрагъэсэбэн щыкIэм. Фондым и мылъкур зэхэтынущ федеральнэ бюджетым къыхэкIрэ цIыху щхьэхуэхэм къабгъэдэкI ахъшэу.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, мы гъэм и шыщхьэIу мазэм УФ-м и Президентым къыдигъэкIауэ щытащ анэдэлъхубзэхэр джыным теухуа хабзэр. УФ-м и Къэрал Думэм япэ къеджэгъуэу къишта а дэфтэрым абы щыгъуэ къышагъэльэгъуауэ щытащ бзэхэр джыным щIэгъэкъуэн хуэхъуфын фонд щыIапхъуэ. Къэрал унафэщIым къыхилъхьа жэрдэмыр, экъупсэ цIыху куэдым я къуэпсапIэр, нобэ нахуапIэ хъуащ. Фондыр къызэгъэпэщынным, абы лэжьэн щIидзэным пыща1а Iуэхугъуэхэр мазищ пIалъэм къуриубыдэу зэфIэхыпхъэу къышыгъэуващ Указым. А зэманым ирихьэлIэу ябзыхун хуейщ правленэмрэ советымрэ хэтынухэр, апхуэдэу федеральнэ мылъкум щыщу Фондым гъэкIуапхъэр зыхуэдизри наIуэ къащIыпхъэщ. Фондым и хущIапIэр Москва щыIэнущ. Абы лэжьэн щIидзэнущ 2019 гъэм и пэщIэдзэм.

Анэдэлъхубзэхэр хъумэнымрэ джынымкIэ дэIэпыкъуэгъу, тегъэщIапIэ хъуну дыщогугъ Фондым. Ар къызэгъэпэщыным, шэч хэмылъу, я зэфIэкI халъхьэнущ къэралым хыхьэ щIынальэхэм а Iуэхугъуэхэр щызезыгъакIуэ Iэщ1агъэлIхэми.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Дыгъуасэ

Къалэн нэхъыщхьэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек жэпуэгъуэм и 29-м Правительствэм и Унэм щаIущIащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ1э Мухьэмэдрэ балъкъэр лъэпкъым и «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Беппаев Суфинрэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Унафэщ1ыр иригъэблэгъахэм щыгъуазэ ящ1ащ ахэр зи пашэ зэгухьэныгъэхэм я Iуэху зэрыдагъэкI щ1ыкIэхэм, апхуэдэуи я лэжьыгъэм зыщыIууэ гугъуехьэхэм. Гулъытэ хэха зыхуащIахэм ящыщщ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ, республикэм и адрей лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкIэфIхэр къэзыгъэтIэсхъэну, къаугъэ къаугъэхьеину хущIэкъу къарухэм гъэзгу ямытыным, щIалэгъуалэр абыхэм демыгъэшэхыным хуэунэтIаэу зэфIагъэкIэр.

● Нэщхъеягъуэ пэкIу

Лъэпкъым и къуэ пэж

Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм щэбэт кIуам нэщхъеягъуэ пэкIу щызэхэтащ. Цыхухэр зыгъэзэсат Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, КъБР-м и Къэрал филармониемрэ и симфоние оркестрым и дирижёр нэхъыщхьэ Темыркъан Борис дунейм зэрехыжар ягу щIыхьауэ.

«БОРИС Хьэту и къуэм и Iыхьлыхэм сахуогузавэ, дэ ар дигу кIинащ цIыху щыпкъэу, псэкIэ къулейуэ. Ар и хэку цIыкIуми Урысеишхуэми и къуэ пэжу дунейм тетащ», - жиIащ пэкIур къыщыдэIуихым КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **КIуэкIуэ Казбек**.

«Абы и пщIэр зыIэтар бгъэдэлъа зэчиймрэ цIыху щыпкъэу зэрыщытамрэщ. Дэ ар сытым дежи дигу иIэнущ икIи абы дыдэрыхуэфащэным дыхущIэкъунущ», - кIыпищащ КIуэкIуэм.

Цыхухэм я хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Борис** жиIащ Темыркъаныр дунейм зэрехыжар Москва дунейпсо зэIущIэм хэту зэрыщ1эзэхихар.

«Зы дакъикIи сымыгупсысэу Налшык сыкъэлъэтэжащ си ныбжьэгъум сыIутлъэжныну», - жиIащ абы. Зумакуловым къыхигъэщащ, Темыркъаным республикэм и пащхьэ къыщихьа фIыщIэр зэрыиныр, зэман гугъуэхэм симфоние оркестрыр ихьымэн зэрыплъэкIар икIи дыщIигъуащ Борис и цIэр оркестрым фIащыныр захуагъэу къызэрилъытэр.

Адыгэ лъэпкъым цIыху щ1эджащэ зэрытхэщIар и псалъэм къыхигъэщащ АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, СССР-м, УФ-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Мэшбащ1э Исхьэкъи** (Мейкъуапэ).

Темыркъан Борис Хьэту и къуэр иужьрей гъуэгуанэм трагъэувэжащ республикэм и къалэхэм, районхэм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Къэрэшей-Шэрджэсым къикIа цIыху щ1э бжыгъэхэм.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

● Хъыбар гуапэ

Къунаш Дамир и зэфIэкI лъагэр

Мы гъэм илъэс еплIанэ хъуауэ ди къэралым щокIуэкI «Абилимпикс» Урысейпсо чемпионатыр. Абы жыдджэру хэтщ ди республикэм и щIалэгъуалэри. Iыхьэ зыбжанэу зэщхьэщыхауэ къызэрагъэпэщ хабзэ зэпеуэр и кIэм ноблагъэ. ЩэкIуэгъуэ мазэм и 20 - 22-хэм Москва щызэхашэнущ «Абилимпикс-2018» зэхьэзэхуэм и щIынальэ Iыхьэхэм щытекIуахэр.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ къыбгъэдэкIыу къэралпсо утыкум и зэфIэкIхэр щигъэлъэгъуэнущ КъБКъУ-м Информатикэмкlэ, электроникэмрэ роботехникэмкlэ и институтым и 2-нэ курсым и студент Къунаш Дамир. «Сетевое и системное администрирование» унэтIныгъэмкIэ екIуэкIыну зэхьэзэхуэхэм хэтынущ ар. ЩIалэщIэм нэхъапIэхэр щIэныгъэ куу къыщигъэльэгъуащ икIи пашэ щIыхьауэ а унэтIныгъэмкIэ щIыпIэм, щIынальэм щекIуэкIа зэпеуэхэм. Апхуэдэ текIуэныгъэхэм папщIэ КъБР-м Лъэныгъэмрэ социальнэ Iэпыкъуныгъэмкlэ и министерствэм Дамир ящыткIэщ, еджэныр кIиухмэ, ди республикэм Iэнатlэ зэрыщIигъуэтынум щыхьэт техьуэ сертификат. КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий щIалэм гуапэу екъуэхъуауэ икIи апхуэдэ бын зыгъэса адэ-анэм фIыщIэ тхылъ яхуигъэхьащ.

- Сэ сызэрыщIыкIуэрэ сыдекьэх компьютерым, информатикэм. Араш сызыхуеджэ Iэщ1агъэр къыщIыхэсхар, - жеIэ Дамир. - Мы зэпеуэм махуитI хуэдизкIэ зыхуэзгъэхьэзырауэ аращ. Нэхъыбэу къызэгугъуэкIар згъэзэщIэн хуей Iуэхугъуэхэр зэрыт дэфтэрыр инджлызыбзэкIэ тхауэ зэрыщытаращ, ауэ абыи сыпэлъэщащ. Къэралпсо утыкуми екIуу сызэриритымэ сыхущIэкъунущ.

Къунаш Дамир дохъуэхъу и хъуэпсапIэхэмрэ и мурадхэмрэ хъехъулIэну, текIуэныгъэ къытхуихьу ди щIынальэм къиГъэзэжыну.

КЪАРДЭН Ритэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Жэпуэгъуэм и 30, *гъубж*

♦Политикэ щхьэусыгъуэкIэ зэхэзехуэн зэращIам и зэранкIэ хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ. 1990 гъэм Москва и Лубянкэ утыкум дежи къыщызэIуахащ политикэ залымыгъэм ихьа цIыху мелуанхэм я фэеплъ.

♦Урысейм и дзэ-тенджыз флотым и махуэщ. 1696 гъэм Пётр Езанэм тригъэныныхьри, Пащьхэм я Дуэм къыщащ «Тенджызым тетыну кхъухьхэр щIыным теухуауэ» унафэр. А махуэр Урысейм и дзэ-тенджыз флотыр къыщызэрагъэпэща махуэу къалъытэ.

♦Урысейм щагъэльапIэ инженер-механикхэм я махуэр

♦1711 гъэм Къэбэрдей шу гупым Мурад-Сультан зи пашэ тыркудзэр хигъэщIат.

♦1888 гъэм США-м щыщ Лаод Джон шариковэ ручкэ къызэригупсысам теухуа япэ патентыр иратащ. Шакъэм хагъауэурэ зэрытхэу щыта къалэмым и пIэ ар занщIэу къимывами, дунейм абы Iэхэутхьэбзэшхэу яхуищIауэ къалъытэу, нобэми и цIэр ящыгъупщэркъым.

♦1905 гъэм Урысейм и пащтыхь Николай ЕтIуанэм къыдигъэкIащ «Къэрал хабзэхэр егъэфIэкIуэным теухуауэ» унафэр. Абы щыуфызыгат цIыхум и хуитныгъэхэр, Къэрал Думэр хэхыным теухуа хабзэхэр.

♦1941 гъэм Севастополь къалэр бийм щыхъэмэным теухуа зауэшхуэм щIидзащ. Къалэр къебгъэрыкIуэ нэмыцIдзэхэр Iэрамыгъэхьэу махуэ 250-кIэ яхъумащ. А зауэр гуащIэ дыдэу зэрыщытам и щыхьэту, 1945 гъэм Севастополь Къалэ-лIыхъужь цIэр фIащауэ щытащ. Фашистыдзэм абдеж щыфIэкIуэдауэ щытащ зауэлI мин 300-м щIигъу.

♦СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта, Совет Союзым и Маршал **Устинов Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Мысырым и дзэ къулыкъущIэ, штаб нэхъыщхьэм и унафэщIу, къэралым зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта **Февзи (Хьэхъу) Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Кхъухьлъатэзехуэ, Иорданием и ЛIыхъужь, къэралым и Парламентым и депутат **Шурдым Ихьсан** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦ СурэтыщI-живописец, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Акъсырэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Аргентинэм щыщ, дуней псом щыщIэрыIуэ футболист **Марадонэ Диегэ** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирикъуащ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 19, жэщым градуси 5 - 6 щыхьэнущ.

Жэпуэгъуэм и 31, *бзэрэжьей*

♦Тенджыз фIыщIэм и дунейпсо махуэщ

♦Къыалэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Экономием и дунейпсо махуэщ

♦Гимнастикэм и урысейпсо махуэщ

♦Урысейм щыIэ СИЗО-хэмрэ тутнакъэщхэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Урысейм щылажьэ Iэпэтэрмэш зэдзэкIакIуэм и махуэщ

♦1811 гъэм Санкт-Петербург пэмыжыжьэ Царское Село жьылэм къыщыдзыIуахащ уцых тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я зыужьынныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ хъуа еджапIэр - Императорым и Царскосельскэ лицей зыфIащар. Ар къэзыуахахэм кхъэкIащ щIэныгъэлI, тхакIуэ, усакIуэ, дзэзешэ лъэрыгъехьэхэр. Абыхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэ дыдэ хъуар Пушкин Александрщ.

♦1864 гъэм Невадэ щIынальэр США-м хьыхащ абы и 36-нэ штату.

♦1888 гъэм лъакъуэрыгъажэм щIалъхьэ хьэфэ щэрхьыр къагупсысащ.

♦1892 гъэм къыдэкIащ Артур Конан Дойль и «Приключения Шерлока Холмса» тхылъыр.

♦1984 гъэм Индиеи и премьер-министр Ганди Индирэ яукIащ.

♦2011 гъэм, ООН-м щыхуэкIуэ къэзыбж и фондым къызэритамкIэ, дунейм къытехьащ ЩIым щыпсэуэхэр мелард пщыкIэу иризыгъэкъуа цIыхур. Абы ириздаущ пэтми, ЛъэпкъэкIыжьэзырар **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Нитыр зэхуэдэмэ - жыжьапIъэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хагъэхьахэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтынухэр къэщтэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я жылагъуэ палатэхэр къызэгъэпэщынымрэ абыхэм я лэжьыгъэр зэтегъэуэвмэ щыIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 8-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 9-нэ статьям япкъ иткIэ **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэгъэхьэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Амщыкъуэ Ф. Къ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз органиацэхэм я зэгухьэныгъэ» союзым къызэригъэлъэгъуам тету

Атмурзаев М. М. - «Урысей Федерацэм и Театр лэжьакIуэхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ къудамэм къызэригъэлъэгъуам тету

Байчекуева Н. Хь. - «Педагогхэм я урысейпсо зэхуэс» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ къудамэм къызэригъэлъэгъуам тету

Берд Хь. А. - Урысейпсо жылагъуэ организацэм - «Спартак» урысейпсо физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ и щIынальэ къудамэм къызэригъэлъэгъуам тету

Бобылёв В. Н. - «Дзэгухэм я урысейпсо зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ къызэригъэлъэгъуам тету

Гуппоев Т. Б. - «Нэфхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэу ГуащIэдэкI Бэракъ ПТъыжь орденыр зиIэ» ныкъуэдыкIуэхэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ зэгухьэныгъэм къызэригъэлъэгъуам тету

Дзасэжь Хь. У. - Афганистаным щекIуэкIа зауэм ныкъуэдыкIуэ щыхъуэхэмрэ фэбжь щызыгъуэтахэмрэ «Зауэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэр» я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и «Ветеран» Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ зэгухьэныгъэм къызэригъэлъэгъуам тету

Дьячленко А.В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэ округым щIыхубэ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм я профсоюз зэгухьэныгъэм къызэригъэлъэгъуам тету

Къалмыкъ Ж. А. - «Социалист унэтIныгъэ зиIэ Урысей щIэныгъэлIхэр» урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ къудамэм къызэригъэлъэгъуам тету

Къаскъул А. Ф. - «Урысей Жор Плъыжь» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэм и къудамэм къызэригъэлъэгъуам тету

Любуня Н. Г. - «Къэзакъэм - Урысейм» къэрал щIыбымрэ я зауэлIхэм я союз» къэзакъэм зегъэужьыныкIэ урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIынальэ зэгухьэныгъэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къызэригъэлъэгъуам тету

Мэз К. Ю. - «Ныкъуэдыкъуагъэ зиIэ, психофизикэ ныкъусаныгъэхэр зыбгъэдэлъ цIыхухэм ядэIэпыкъуныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ «Зэхуэдэ зэфIэкIхэр» ассоциацэ» щIынальэ зэхуакъу жылагъуэ зэгухьэныгъэм и къудамэм къызэригъэлъэгъуам тету

Нэхущ З. А. - «ОПОРА России» хьэрычэт ІэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм къызэригъэлъэгъуам тету

Павленкэ В. П. - «Автомобилистхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм къызэригъэлъэгъуам тету

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - «ТворчествэмкIэ дунейпсо академие» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIынальэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къызэригъэлъэгъуам тету

Федченко Л. М. - Урысей Федерацэм цIыхубэ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм я профсоюзхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр щIынальэ къудамэм къызэригъэлъэгъуам тету

Шаваев Л. М. - «Зауэм хиубыда сабийхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм къызэригъэлъэгъуам тету.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м
№165-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтынухэм я Iыхьэ щанэр къэщтэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я жылагъуэ палатэхэр къызэгъэпэщынымрэ абыхэм я лэжьыгъэр зэтегъэуэвнымкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 7-нэ, 8-нэ статьяхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 9-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтынухэм я Iыхьэ щанэр зэриубыдыху Хабзэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2018 гъэм накъыщIэм и 24-м къыдигъэкIа Унафэ №871-П-П-мкIэ къыщIам и 9-нэ пунктым япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыну къэщтэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Беппаев Суфиян Узеир и къуэр - балъкъэр лъэпкъым я «Алан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ

Джэш ФатIимэ Iэюб и пхъур - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Цыхубзхэм я союз» республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ

Жылэхьэж Артур Аслъэндэрий и къуэр - «ФIы лэжь» цIыхухэм социальнэ Iэхэутхьэбзэкэр яхуэщIэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ центр» сатум пымыщIа зэгухьэныгъэ пыгъэщхьэхэкIа

Зумакулов Асхат Мустэфа и къуэр - «ЩIалэгъуалэ жэрдэмхэмкIэ институт» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэ

Канунников Анатолий Данил и къуэр - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIэхабзэ центр» щIынальэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ

КIыщыкъуэ Иринэ Музэфар и пхъур - «Зыужьныныгъэ» псапащIэ фонд

Колесников Юрий Александр и къуэр - «Хэкупсэ» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ

Котررова Марие Абрам и пхъур - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Шурдым Ихьсан** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦ СурэтыщI-живописец, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Акъсырэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Аргентинэм щыщ, дуней псом щыщIэрыIуэ футболист **Марадонэ Диегэ** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирикъуащ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 19, жэщым градуси 5 - 6 щыхьэнущ.

Жэпуэгъуэм и 31, *бзэрэжьей*

♦Тенджыз фIыщIэм и дунейпсо махуэщ

♦Къыалэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Экономием и дунейпсо махуэщ

♦Гимнастикэм и урысейпсо махуэщ

♦Урысейм щыIэ СИЗО-хэмрэ тутнакъэщхэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Урысейм щылажьэ Iэпэтэрмэш зэдзэкIакIуэм и махуэщ

♦1811 гъэм Санкт-Петербург пэмыжыжьэ Царское Село жьылэм къыщыдзыIуахащ уцых тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я зыужьынныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ хъуа еджапIэр - Императорым и Царскосельскэ лицей зыфIащар. Ар къэзыуахахэм кхъэкIащ щIэныгъэлI, тхакIуэ, усакIуэ, дзэзешэ лъэрыгъехьэхэр. Абыхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэ дыдэ хъуар Пушкин Александрщ.

♦1864 гъэм Невадэ щIынальэр США-м хьыхащ абы и 36-нэ штату.

♦1888 гъэм лъакъуэрыгъажэм щIалъхьэ хьэфэ щэрхьыр къагупсысащ.

♦1892 гъэм къыдэкIащ Артур Конан Дойль и «Приключения Шерлока Холмса» тхылъыр.

♦1984 гъэм Индиеи и премьер-министр Ганди Индирэ яукIащ.

♦2011 гъэм, ООН-м щыхуэкIуэ къэзыбж и фондым къызэритамкIэ, дунейм къытехьащ ЩIым щыпсэуэхэр мелард пщыкIэу иризыгъэкъуа цIыхур. Абы ириздаущ пэтми, ЛъэпкъэкIыжьэзырар **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Нитыр зэхуэдэмэ - жыжьапIъэщ.

Кулиев Къайсын къыщалъхуа махуэм

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм къызэритамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын къыщалъхуа махуэм, щэкIуэгъуэм и 1-м, усакIуэшхуэм и фэеплъу Налшык къалэ дэтым (Кулиевым и уэрамым) удз гъэгъаэхэр тралъхьэнущ.

Зэхьихьэм сыхьэт 11-м щIидзэнущ.

Абы и ужькIэ къызэхуэсахэр Кулиев Къайсын Шэджэм къалэм дэт и унэ-музейм яшэну я мурадщ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Жэпуэгъуэм и 30, *гъубж*

♦Политикэ щхьэусыгъуэкIэ зэхэзехуэн зэращIам и зэранкIэ хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ. 1990 гъэм Москва и Лубянкэ утыкум дежи къыщызэIуахащ политикэ залымыгъэм ихьа цIыху мелуанхэм я фэеплъ.

♦Урысейм и дзэ-тенджыз флотым и махуэщ. 1696 гъэм Пётр Езанэм тригъэныныхьри, Пащьхэм я Дуэм къыщащ «Тенджызым тетыну кхъухьхэр щIыным теухуауэ» унафэр. А махуэр Урысейм и дзэ-тенджыз флотыр къыщызэрагъэпэща махуэу къалъытэ.

♦Урысейм щагъэльапIэ инженер-механикхэм я махуэр

♦1711 гъэм Къэбэрдей шу гупым Мурад-СультIан зи пашэ тыркудзэр хигъэщIат.

♦1888 гъэм США-м щыщ Лаод Джон шариковэ ручкэ къызэригупсысам теухуа япэ патентыр иратащ. Шакъэм хагъауэурэ зэрытхэу щыта къалэмым и пIэ ар занщIэу къимывами, дунейм абы Iэхэутхьэбзэшхэу яхуищIауэ къалъытэу, нобэми и цIэр ящыгъупщэркъым.

♦1905 гъэм Урысейм и пащтыхь Николай ЕтIуанэм къыдигъэкIащ «Къэрал хабзэхэр егъэфIэкIуэным теухуауэ» унафэр. Абы щыуфызыгат цIыхум и хуитныгъэхэр, Къэрал Думэр хэхыным теухуа хабзэхэр.

♦1941 гъэм Севастополь къалэр бийм щыхъэмэным теухуа зауэшхуэм щIидзащ. Къалэр къебгъэрыкIуэ нэмыцIдзэхэр Iэрамыгъэхьэу махуэ 250-кIэ яхъумащ. А зауэр гуащIэ дыдэу зэрыщытам и щыхьэту, 1945 гъэм Севастополь Къалэ-лIыхъужь цIэр фIащауэ щытащ. Фашистыдзэм абдеж щыфIэкIуэдауэ щытащ зауэлI мин 300-м щIигъу.

♦СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта, Совет Союзым и Маршал **Устинов Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Мысырым и дзэ къулыкъущIэ, штаб нэхъыщхьэм и унафэщIу, къэралым зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта **Февзи (Хьэхъу) Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Кхъухьлъатэзехуэ, Иорданием и ЛIыхъужь, къэралым и Парламентым и депутат **Шурдым Ихьсан** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦ СурэтыщI-живописец, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Акъсырэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Аргентинэм щыщ, дуней псом щыщIэрыIуэ футболист **Марадонэ Диегэ** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирикъуащ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 19, жэщым градуси 5 - 6 щыхьэнущ.

Жэпуэгъуэм и 31, *бзэрэжьей*

♦Тенджыз фIыщIэм и дунейпсо махуэщ

♦Къыалэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Экономием и дунейпсо махуэщ

♦Гимнастикэм и урысейпсо махуэщ

♦Урысейм щыIэ СИЗО-хэмрэ тутнакъэщхэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Урысейм щылажьэ Iэпэтэрмэш зэдзэкIакIуэм и махуэщ

♦1811 гъэм Санкт-Петербург пэмыжыжьэ Царское Село жьылэм къыщыдзыIуахащ уцых тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я зыужьынныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ хъуа еджапIэр - Императорым и Царскосельскэ лицей зыфIащар. Ар къэзыуахахэм кхъэкIащ щIэныгъэлI, тхакIуэ, усакIуэ, дзэзешэ лъэрыгъехьэхэр. Абыхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэ дыдэ хъуар Пушкин Александрщ.

♦1864 гъэм Невадэ щIынальэр США-м хьыхащ абы и 36-нэ штату.

♦1888 гъэм лъакъуэрыгъажэм щIалъхьэ хьэфэ щэрхьыр къагупсысащ.

♦1892 гъэм къыдэкIащ Артур Конан Дойль и «Приключения Шерлока Холмса» тхылъыр.

♦1984 гъэм Индиеи и премьер-министр Ганди Индирэ яукIащ.

♦2011 гъэм, ООН-м щыхуэкIуэ къэзыбж и фондым къызэритамкIэ, дунейм къытехьащ ЩIым щыпсэуэхэр мелард пщыкIэу иризыгъэкъуа цIыхур. Абы ириздаущ пэтми, ЛъэпкъэкIыжьэзырар **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Нитыр зэхуэдэмэ - жыжьапIъэщ.

Кавказ Ищхъэрэм нэхъ хуэлъэ уз зэрыцIалэхэм топсэлъыхь

Жэпуэгъуэм и 12-м КъБКъУ-м щекIуэкIащ «Кавказ Ищхъэрэр щIыналъэм хуэлъэ уз зэрыцIалэхэм» ятеухуа щIэныгъэ-практикэ зэIущIэ. Абы кърихьэлIат да гъунэгъу щIыналъэхэм я IыкIуэ 200-м щигъу.

ХЬЭЩIЭХЭР къригъэблагъэу, кърахьэжьа Iэху дахэм щIэныгъэ щхьэпэ къыхахыну конференцым хэтхэм хъуэхъукIэ захуигъэзащ КъБР-м уэзынщагъэр хъумэныкIэ и министр **Хъубий Марат.**

«Зи Iэщlагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, илъэс куэд щIауэ абы ирилажьэ, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ дохутырхэр щыхэзыщIэ зэхуэсхэр щхьэпэщ. Абыхэм Iэмал къуат щIэуэ щыIэм теухуауэ уэсчэнджэщыну, щIыналъэм къыпэщыт къалэнхэр пыухыкIауэ къыбгурыIуэну. Конференцыр зытеухуар уз зэрыцIалэхэм елэзэ ди дохутырхэр махуэ кьэс зыхэт Iэяхуэхрщ. Абы екъэлIауэ дохутыр куэд къыщыпсэлъэнущ мы зэIущIэми, согугъэ мыбдеж къыщыфщIыну псори къыфхуэщхьэпэну», - къыхигъэщащ министрым.

Конференцым щытепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэр федеральнэ щIыналъэмрэ Ипщэ федеральнэ щIыналъэмрэ нэхъ яхуэлъэ уз зэрыцIалэхэр къызыхэкIымрэ абыхэм зэрызаубгъумрэ ахэр къэмыхъеин папщIэ цIыхухэм ехьалIэн хуей хущхъуэхэм, гепатит С-мрэ гепресымрэ зэрелэзэ щIыкIэм щIэуэ къыхьыхьам.

ЗэIущIэр къызэрагъэпэщащ УФ-мрэ КъБР-рэ Узыншагъэр хъумэныкIэ я министерствэхэм, СПИД-мрэ уз зэрыцIалэхэм ятеухуар. КъБКъУ-м медицинэмкIэ и къудамэм, инфекционистхэм я щIыналъэ зэгухьэныгъэм, нэгъуэщIхэми.

КъБКъУ-м и хъыбарегъащIэ Iуэхущ1ап1э.

ВЛКСМ-р илъэси 100 зэрырикъур ягъэлъапIэ

Лениным и цIэр зезыхьэ союзэпсо коммунист щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэр (ВЛКСМ) къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ республикэм и щIыналъэ псоми Iэуху гуапэхэр щокIуэкI. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам и щIыхькIэ щыIэ утым деж жэпуэгъуэм и 28-м щыIэхэтащ абы егъэщIылIа гуфIэгъуэ Iэуху дахэ.

КПРФ-м республикэм щиIэ и къудамэхэм утыкум деж щагъэуват пщыIэ плъыжь цIыкIу дахэхэр. Абыхэм ирагъэблагъэрт къызэхуэсахэр, ягъэхьэщIэрт, гукъэкIыжхэр я куэдти, зэдэуэрщэрырт, къэралым, республикэм щыпсэухэр нэхъ зыгъэпIейтейхэм тепсэлъыхьырт. Макъамэ театрым и бжэIупэм концерт щатащ зи Iэщlагъэкlэ артистхэм я мызакъуэу, КПРФ-м хэтхэу гуащэдж и лъэныкъуэкIэ зэфIэкI зыбгъэдэлъхэм, иджырей комсомолым хэтхэм, пионерхэм. Куэдым я щIалэгъуэр ягу къэзыгъэкIыж уэрэдхэр щыIурт, усэхэм кьеджэрт пионерхэр, школакIуэ ныбжьыщIэхэр.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм псэуныгъэм, политикэм ехьалIа Iуэхуэмкlэ и комитетым и секретарь Къумал Заурбэч къызэхуэсахэм ехьэхъуащ.

- Фи махуэ фIыуэ, ныбжьэгъу лъапIэхэ! Дэ псори сыт хуэдиз къэдгъэщIами псэкIэ комсомолым ди къыхэнащ. Ар илъэси 100 ирикъуми, иджыри щIалэщ, - жиIащ абы. - Дэ дрогушхуэ а зэгухьэныгъэм лIыгъэрэ лэжьыигъэкIэ псыхьауэ къикIуа гъэзэгуанэм, абы къэралымрэ республикэмрэ ехъулIэныгъэ яIэн папщIэ зэфIигъэкIахэм. Комсомолым быдэу епхащ етIощIанэ лIэщIыгъуэм ди къэрал абрагъуэм щызэфIагъэкIа Iуэхушхуэ псори.

Фэри фхуэдэу, сэри сроГушхуэ комсомолым сызэрыхэтам. Абы къыхэкIыу сэ, мыбдеж къызэхуэсам я цIэкIэ комсомолым фIыщIэшхуэ хузощI зыдужьынымкIэ, ди акъылыр псыхьынымкIэ быдэу щIэгъэкъуэн къызэрытхуэхъуам папщIэ.

Къумалым къэхигъэщхьэхукIащ, ВЛКСМ-р щымыIэжми, абы и Iуэхур щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зэрагъэкIуатэр. ЩIалэгъуалэм и Ленин коммунист союзым хэтщ къэралым и щIыналъэ 80-м щыщ цIыху мин 25-рэ. Иужь зэманым апхуэдэ зэгухьэныгъэм хьыхьащ республикэм и щIалэ, хъыджэбз 250-рэ.

Зэхьихьэм къыщыпсэлъащ Налшык къалэм, республикэм и районхэм я лIыкIуэхэр. НэхъыжьыфIхэр ныбжьыщIэхэм ядэгуэшащ комсомолым екъэлIа я гукъэкIыжхэмкIэ.

Къумал Заурбэч, КПРФ-м и щIыналъэ къудамэм и комитетхэм я секретархэу Андросов Александр, Къанэмэт Замир сымэ комсомол билетхэр ираташ а зэгухьэныгъэм щIэуэ хыхьахэм. Ахэр ныбжьыщIэхэм екъуэхъуащ екъуIэныгъэ яIэну, я мурадхэм лъэIэсыну.

Дзэ къулыкъым и ветеран, комсомолым жыджэру хэта, нэхъыжьыфI Мэремкъул Лиуан а зэгухьэныгъэм теуха усэ кьеджащ, уэрэди игъэзэщIащ.

Ленин комсомолыр илъэси 100 зэрырикъум ехьалIа дамыгъэ лъапIэхэр ираташ мы гуфIэгъуэ зэхыхьэр зыгъэхьзэрахэм яхэта, парт лэжьыгъэмкIи жыджэр коммунистхэм. Абыхэм ящыщщ республикэм и Къэрал филармонием и уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Къул ФатIимэ. Абы уэрэд жиIащ, къызэхуэсахэм я гукъыджыр кьиIэту.

Дэтхэнэри щIыхьэ хъурт пщIэ цIыкIухэм, Iэнэхэм кьытрагъэува ерыскъыхэр зыIуагъахуэрт, макъамэ дахэ Iурт.

Къалэдзэсхэми хьэщIэхэми ялъэгъуахэр гунэс ящыхъуауэ зэбгрыкIыжащ.

УАРДЭ Жантинэ.
Сурэтхэр **Верниковская Юлие** *трихащ.*

Щыху куэдым я арэзыныгъэ къэзылэжьа

● Фэеплъ

РСФСР-м, КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу илъэс щэщIым нэблагъэкIэ щыта Мырзэкъан Суфян Жамырзэ и къуэр къызэратъхурэ илъэс 90 ирокъу

Мырзэкъан Суфян Жамболэт и къуэр КъБАО-м и Аруан щIыналъэм хыхьэ Старэ Шэрэдж (Дохъушыкъуей) къуажэм 1928 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м къыщалъхуащ.

Къэбэрдей пединститутым литературэмрэ бзэмкIэ и къудамэр 1950 гъэм къиухащ. ФIыуэ зэреджэм, дахэу цIыхухэм зэрахэтым пщIэшхуэ хуащIу, ар а зэманым Налшык къалэ Советым и депутату хахаяу щытащ, студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я лIыкIуэу.

Зэреджэм хуэдэурэ ар «Къэбэрдей пэж» газетым корректору щыпсалъэжьрт. А зэманым а курсыр зи нэIа щIэта Къардэн Бубэ тригъэгушхуэри, Суфян адыгэбзэ, урысыбзэ къудамитIми зэуэ щеджащ. Ар тынштэкъым, дауи. Ауэ щIэныгъэм хуэпабгъэ щIалэм факультетитIри диплом плъыжькIэ кьиухащ.

Республикэм IэщlагъэлIхэр къыщемэщIэкI зэмант. ЕджапIэ нэхъыщхьэр екъулIэныгъэкIэ къэзыуха Мырзэкъан Суфян «Къэбэрдей пэж» газетым и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщIу агъэувауэ, дзэм къулыкъу щищIэну ираджащ. Зыхэуа гупым я нэхъыфIхэм хабжэ щIалэр полк еджапIэм агъэкIуащ. Сержант цIэр иIэу ар кьеурхи, офицерхэр псынщIэу щагъэхьэзыр еджапIэм и щIэныгъэм щыпещэ. Мырзэкъаным лейтенант цIэр кьыфIащауэ дзэ къулыкъур кьиухащ 1954 гъэм.

А гъэ дыдэм абы Псыгуэнсу и курыт школым урысибзэмрэ литературэмкIэ щригъаджэу щIидзащ. КъыкIэлъыкIуэ гъэ еджэгъуэщIэм Мырзэкъаным Старэ Шэрэдж егъэзэж, къуажэм дэт курыт школым и завучу. Ауэ абы зыщIэжьакъым щIалэ акъылыфIэм. Парт лэжьакIуэ нэс къызэрыхэкIынум гу лъатэри, обкомым и инструктору яшащ. «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр редактор нэхъыщхьэ хуей щыхъуэм, партым и обкомым а къулыкъур дзыхь хуащIащ Мырзэкъаным.

1955 гъэм Суфян пэрыуващ школхэм зэрыщрагъаджэ тхылъхэр кьыдэгъэкIыным елха лэжьыгъэ мытынщым. ИлъэсищкIэ абы щылэжьауэ, 1958 гъэм партым и обкомым яшэжащ. 1962 гъэм Мырзэкъаным «Ленин гъэзэгу» газетым (арат абы щыгъуэ адыгэ газетым зэреджэр) кьиугъэзэжащ. Газетым и бзэр узэщIын, и купщIэр егъэфIэкIуэн хуейти, абы хуэзкIуэнлъатэкIуэу зыкъэзыгъэлъэгъуа Мырзэкъаным редакторым и къуэдзэ къулыкъур дзыхь хуащIащ.

Газетым сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьыным и гуащIэ ирихьэлIащ а цIыху телъыджэм. ЛэжьакIуэ гупышхуэр игъэгушхуэу, и чэзум я ныкъусаныгъэхэр яригъэлъагъужрэ ар ягъэзэкIужьынымкIи ядэIэпыкъуу илъэс куэдкIэ кьадекIуэкIащ. Суфян сыт хуэдэ Iэяхуклэ, ар лэжьыгъэм пымыщIауи щрети, убгъэдыхьами, ущигъэуэнутэкъым, щабэу къыбгуригъаIуэрт пщIэн хуейр. Ар цIыху хэтыкIэ зыщIэ, сыткIи щапхъэ унафэщIт, Iэдэбт, пщIэ зыхуозыгъэщI нэхъыжьыфIт. Ди редакцэм щыщIлэжьа илъэсхэм абы журналист Iэщlагъэм ныбжьыщIэ куэд хуигъэсащ, гъэзгу тэмэм тригъэуващ. Абыхэм ящыщ куэдыр ноби мэлажьэ.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьын хуейщ Суфян зэдзэкIакIуэ Iэзэу зэрыщытам. Жылагъуэ, политикэ Iуэхуэхэм ятеухуа тхыгъэ гугъуэхэр абы хуэдэу тэмэму адыгэбзэм кьизыгъэзагъэ гъэзэтыгъуейт.

Сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрытами, и лэжьыгъэр хьэлэлу, гурэ псэкIэ етауэ илъэс хьщIкIэ зыгъэззэщIа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьынигъэм зи гуащIэ хэзылъхьа а цIыху щIакъэм хуэфащэ пщIэи игъэтащ. Суфян тIэунейрэ къыхуагъэфэщащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Щ1ыхь тхылъыр, къратащ Ленин В. И. илъэси 100 щирикъум и щIыхькIэ къыдагъэкIа фэеплъ медалыр. Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щрэнгъэкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ цIэ лъапIэхэр къыфIащащ.

Лъэпкъ журналистхэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, цIыху куэдым я арэзынигъэ кьэзылэжьа Мырзэкъан Суфян 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м дунейм ехыжащ.

Зи Iулыджыр ин

Мырзэкъан Суфян ящыщщ «Къэрэхьэлъкъ» фIэщыгъэр иIэу гъэзгу теува, цIэ зыбжанэ зэрихъуэкIауэ нобэ «Адыгэ псалъэкIэ» дызэзджэ газетым зегъэужьыным, егъэфIэкIуэным зи щIэныгъэ, зи къару нэхъыбэ езыхьэлIахэм.

СУФЯН дэрэ ныбжькIэ зэрыдгъэхь щыIэкъым, зэман хьэлъэ дызэдыхэтащ. А лъэхъэнэр Хэку зауэшхуэм иужь илъэс-хэрат: цIыхур зыхуэдэр наIуэ къэзыщI зэхэгъэкIыпIэт. Карточкэкlэ кьидат щIакхъуэ фIыцIэ тIэкIур и зэманыр къэмысу къызыIэщIэуэхэр гунэщIу, ар зэзыгъэзэхуэфым тIуалэ хуэдиз зы бзыгъэ щIыкIу фошыгъу зыхэмылъ псы пщтыр стэканым дрифырти, сыхьэтих-сыхьэтийкIэ дедэIуэну лекцэм дыкIуэрт.

ДыкъэкIуэжмэ, ди пэшыр щIыIэт, щIакхъуэ бзыгъэ цIыкIу къатщтэрти, шхапIэм дыкIуэрт. Дызэреджэн тхылъ дгъэзытэкъым. Лекцэр зытедмытхэ тхылъымпIэ лIэужьыгъуэ щыIэтэкъым, газет, тхылъыжь сатыр зэхуакуэм нэгъунэ.

Апхуэдэ зэхэгъэкIыпIэм нэхъ кьикIыфхэм ящыщт Суфян. Ар тэмакъкIыхьт, умыгъэщIэгъэнкIэ Iэмал имыIэу бзшэчт, пIыщIэуи мэжалIэуи къыпхуэщIэнутэкъым. Гугъуехьэр и щхьэкIи, и Iэпкълъэпкъкlи къеХьэлъэкIыу хэпщIыкIыртэкъым. Зачёт, экзамен тыгъуэхэм я чэзум и деж жэщыбг пщIондэ щыст икIи псори «тху» защIэкIэ къеХъулIэрт абы.

И еджэкIэм и мызакъуэу, и зыныгъыклэм, и цIыху хэтыкIэм, и акъылыфIагъым пщIэшхуэ хуащIырти, студентхэм, егъэджакIуэхэм къахэкIыу абы щыгъуэ Суфян хахаяу щытащ Налшык къалэ Советым и депутату.

Мырзэкъаныр къалэн къыщащIымкIэ ихь жэуаплныгъэр кууэ зыхищIэу, абы пэлъэщын зэфIэкI иIэным хущIэкъуу, зыхуэдэхэм фIыкIэ къахэщу, дзыхь нэхъыбэ зыхуащIхэм хабжэу, зыхэт гупым Iулыджышхуэ щиIэу къэгъуэгурыкIуащ. Мырзэкъан Суфян «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу илъэс щэщIым нэблагъэкIэ лэжьащ, пенсэм кIуа нэужьи мытIысыжу редакцэм и Iэнатlэ нэхъ гугъуэхэм ящыщ зыр - зэдзэкIын къалэныр - иIэ зэзэщIащ. Мырзэкъаным хуэфащэу зэрехьэ РСФСР-м, КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ цIэ лъапIэ-хэр.

БЕКЪАН Чыланий.
2014 гъэ

И гулъытэр япэ итт

1975 гъэм «Адыгэ псалъэм» (абы щыгъуэм «Ленин гъэзгу») лэжьакIуэ сыкъыщыкIуам сэ, зэрыжаIэщи, гуп дыгъэл сыкъыхэхутат. Егъэлеиныгъэ гуэр хэмылъу жысIэнщи, псори зи хьэлкIи хабзэкIи удэзыхьэх цIыхухэт. Дэтхэнэми езым и гупсысэкIи и хъэтIи иIэжт.

АУЭ АБЫХЭМ къахэщырт зи гуащIэр ин Мырзэкъан Суфян. Ар щIыжысIэри редакторым и къуэдзэу икIи фIэлIыкIышхуэ зиIэ цIыхуу зэрыщытаракъым, атIэ сыт хуэдэ лэжьыгъэри щхьэх имыщIэу икIи псынщIэу зэрызэфIигъэкIыфырт. Редакторым и къуэдзэ къалэнхэр зэригъэзащIэм къыдэкIуэу, Суфян дэ, зэдзэкIакIуэхэм, хуабжьу къыддэIэпыкъурт.

Езыр жиIам сыт щыгъуи тебгъуэтэжырт. Пэжщ, абы и унафэм ущIэту улэжьэну зыкъомкIи гугъут, ткIиягъ хэлът. Мыхьэн гуэр къыбдилъэгъуамэ, уриджэнурэ къошхыдэнут, ауэ ар зы щIыпIи нигъэсынутэкъым, иужькIэ баджагъэ гуэри и гум пхуилъынутэкъым. ЕтIуанэ махуэм зыри къэмыхъуам хуэдэу сэлам гуапэ хуэихырт, хэбгъэзыхьмэ, «летучкэхэм» е «планеркэхэм» къыщыптехъущIыхьIамэ, къыпщхьэщыжырт.

Апхуэдиз зэманкIэ ущызэдэлажьэкIэ, Iэху щызэдэпщIэкIэ фIэкIыпIэ имыIэу зэгъунэгъу уохъу. Сэ жысIэфынущ ди газетым си лъэр быдэу щыуывыфынур си закъуэкъым.

ШАЛ Мухьэмэд,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

Бзэм дыхуэсакъыну дыкъыхуриджэрт

Ямэу щIэныгъэм уэзыша егъэджакIуэр игъащIэкIэ уигу къонэж, апхуэдизкIэ лэжьакIэ уэзыгъэщIа гъэсакIуэри.

ЕГЪЭДЖАКIУЭМ уи щхьэкIэ сэбэн къыпхуэхъужынухэр уегъащIэ, етIуанэм я уэзым уи сэбэп щIыхухэм ебгъэкIыфу ухуегъасэ. А къалэныр нэхъ ини лъапIи мэхъу узыпэрыт Iэнатlэр лъапкъ Iуэхум епхауэ щыщIытым деж.

Суфян и ущие псалъэхэм, и чэнджэщ щхьэпэхэм, и тхыгъэ купщIафIэхэм къыщIэмытэджа нобэрей лъапкъ журналистхэм къахэгъэтэгъуейщ. Ардыдэр яхужыпIэ хъунущ 50 гъэхэм и кIэхэм къыщыщIэдзауэ абы кьыдэлэжьа журналист нэхъыжьхэмэ.

Редакцэм пэжныгъэ тынш щыIэкъым, жаIэ. Ар пэжщ, ауэ гугъу дыдэщ тхыгъэхэр зэдзэкIын Iуэхур. Ари, адрей и лэжьыгъахэм хуэдэу, екIуэ ещхьу илъэс куэдкIэ ириджэкIащ Суфян. Аращ жэуаплныгъэшхуэ зыпылъ къэрал документхэр адыгэбзэм кьригъэзэгъэну дзыхь зыхуащIу къэгъуэгурыкIуар. Мырзэкъан Суфянщ СССР-ми, Урысей Федерацэми, Къэбэрдей-Балъкъэрми я Конституцэхэр, къэрал зэгурыIуэныгъэ нэхъыщхьэхэр, законхэр, гимнхэм я псалъэхэр зэзыдзэкIар, дэри а Iуэхум дыхэзышар.

Бзэм дыхуэсакъыу дигъэсащ абы. Къыиумыгъэсэбэп Iэмэпсымэр мэупчI, ихьын хуей хьэлъэр зыщIэзыщIэхри йокIакIуэ. Бзэм зиужьынымкIэ, и къару псомкIэ гъэлэжьэнымкIэ ар зыIурылъ дэтхэнэми жэуаплныгъэ ди пщэм къыдохуэ. Абы хуэзфIэкI хуэзымыщIэр и бзэ Iурылъым епщIыжу аращ. Суфян и апхуэдэ дерэхэм къыщIэмытэджыкIа яхэткъым къызыхэкIа лъэпкъым гурэ псэкIэ нобэ хуэлажьэхэм.

Ди гъэсакIуэ Iущыр, лэжьакIуэ емызэщыжыр фIыкIэ куэдрэ зигу къэзыгъэжIыжхэм сащыщщ сэри. Сыхуейщ абы и цIэр къытщIэхъуэ щIэблэхэми ягу илъыну, лъэпкъыбзэм зиужьынымк хуищIар ящымыгупщэну.

ТIЫМЖЬ Хьэмыщ1э,
филологие щIэныгъэхэм я доктор.

Хабзэхъумэ Винавер Илья

Полицэм и лейтенант Винавер Илья КъБР-м и лIыкIуэу хэтынущ «ЦIыхубэ участковэ» урысейпсо зэхьэзэхуэм и кIэухым.

ЗЭПЕУЭМ и Iыхьэу республикэм щекIуэкIа интернет Iэлэтым нэхъыбэм щыхэзащ Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и Управленэм и полицэм и участковэ уполномоченнэ Винавер Илья. КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iэхущ1ап1эм щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, полицэм и лейтенант нэхъыкъурашэ Аслъэн етIуанэщ (Урысей МВД-м Шэрэдж районым щIэ и къудамэ), ещанэ хъущ полицэм и майор Болэт Елдар (Урысей МВД-м Шэджэм районым щIэ и къудамэ).

Винавер Илья 2007 гъэм къиухащ Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым информатикэмрэ управленэмкIэ и факультетыр. 2013 гъэм юрист щIэныгъэ щигъуэтащ управленэмкIэ, бизнесымрэ хабзэмкIэ институтым. Къэрал кIуэ1 Iэхуэхэмкlэ и къудамэм лэжьэн щыщIидзэн ипэкIэ ар УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм КъБР-м щIэ Суд департаментым мэнджащIэуу щыIащ. Къэрал кIуэцI Iэхуэхэмкlэ Iэнатlэм илъэсиплI хъуауэ щолажьэ, 2015 гъэм дыгъэгъазэм щыщIэдзауэ полицэм и участковэ уполномоченнэщ.

● Щапхъэ

Офицер щIалэм и нэIэм щIэт щыпIэм щыпсэу цIыху минитIым щIигъум я деж пщIэ къыщIилажьащ. Абыхэм я нэхъыбэр студентщ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и республикэхэм, хамэ къэрал къикIахэу КъБКъУ-м щеджэхэри яхэту. Абыхэм фIыуэ яIцIыху я участковэ инспекторыр, сыту жыпIэмэ, Илья щIалэгъуалэм я Iэхухэм жыджэру хэтщи. Участковэм тхьэмахуэ кьэс КъБКъУ-м и студентхэм ядрегъэкIуэкI хабзэр къызэпамыудыным, экстремизмэм хэмыпщIэным щытепсэлъыхь зэIущIэхэр.

Винавер Илья зэрыжиIэмкIэ, полицэ участковэм и кIалэнщ хабзэм тет цIыхухэм я сыт хуэдэ гугъуехьхэри зэфIэхьныкIэ ядэIэпыкъуну. И нэIэ зытет щIыпIэм щыпсэухэм я лъэIуэр зэмылIэужьыгъуэщ, нэхъыбэу ахэр пыщIащ щыIэкIэ-псэукIэм епха Iэхуэхэм. Ахэр зэфIэха хъун папщIэ полицэм и участковэ уполномоченнэр ядолажьэ кьалэ администрацэм, псэупIэ-коммунальнэ Iэхуэщ1ап1э псомк.

Илья зэрыжиIащи, лэжьыгъэкIэ щIэщIамэ, зыгъэпсэхуныр и фIэфIщ, зэман къыщыхудэхуэм бдзэжьеящэ макIуэ.

И лэжьыгъэм къыщигъэлъэгъуа екъулIэныгъэхэм папщIэ абы мызэмитIэу къыхуагъэфэщащ МВД-м и унафэщIхэм кьабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхьапхэр.

Винавер Илья фIыщIэ яхуещI и лэжьыгъэр кьехъулIэу къэзыIытха кьалэдзэсхэм, Iыхьлыхэм, благъэхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «ЦIыхубэ участковэ» цIэр зыхуэфащэр кьыхэхьынымкIэ Iэ1этыр 2018 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-10-хэм щекIуэкIынущ «Комсомольская правда» тхылъ тедзапIэ унэм и сайтым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Ислъамым и нур

НапэкIуэцIыр зыгъэхьзырар **Жылокъуэ Лусаннщ.**

Муслъымэн псоми ди зэхуэдэ мазэ лъапIэр

● Уаз

Мухьэмэд бегъымбар лъапIэр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) къыщалъхуа махуэр мы гъэм ноябрым и 20-м тохуэ. А махуэ-раш дунейм щехьажари ЛыкIуэ лъапIэр.

Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар)

Ялэ дыдэу къигъэщIа Iэдэм бегъымбарым дежи щегъэжьауэ лыкIуэ псоми ящIэу щытащ Мухьэмэд бегъымбарыр зэрыщыIэнур икIи а зэманым псэуу нэсыну псори Мухьэмэд бегъымбарым и гъэгум тетыну къыхураджащ. Абы и щыхьэту Iэят куэд къыщыкIуащ КъурIэн лъапIэм.

Iэдэм бегъымбарыр иджыри жэнэтым кърагъэкIын ипэкIэ, хьэршым щIилъэгъуат Алыхьым и цIэм пэгъунэгъуу Мухьэмэд цIэр зэрыщытыр. Абы щыгъуэм ЛыкIуэм къыгурIуат Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) Алыхьым къиГэщIыну псоми нэхъ нэхъ лъапIэныгъэ зэригъэтынур.

Мэрем и къуэ Хьисэ бегъымбарми и тхьилъым къыщыкIуащ. Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) къыщэригъэщIынур, а лыкIуэ лъапIэми къыхуриджащ Iисраил и быныр псэууэ нэсмэ, Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Мухьэмэд и Гъэгум тетыну. Апхуэдабзэу, тхьилъ къызыхуэха адрей лыкIуэхэми я тхыгъэм къыщыкIуащ Мухьэмэд бегъымбар лъапIэр зэрыщыIэнур. Дэтхэнэ зыми Тхьэм къалэн ящищIат Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) и гъэгум цIыхубэр хураджану, икIи лыкIуэ псоми а къалэнир нэсу яГъэзэщIащ. АрщхьэкIэ, языныкъуэхэм а хъыбарыр зэхахыну хуеякIыж.

Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) ныбэм щилъым

Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) ныбэ щилъым, абы и анэ Аминэ къыщIэхъатэкъым и Iэпкъ-лъэпкъым сабийм зыщиужьу.

Зымахуэ гуэрым цIыхухъу сэфэтым иту мелыIыч къыбГэдыхьэри, Аминэ къеупщIащ: «Уэзрыуэндэгъур пщIэрэ?» - жиIэри. «СщIэркъым», - жиIэу бзылъхугъэм жэуап щитым, лIым адэкIэ къыпищащ: «АтIэ, бжьэолэ Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа бегъымбар уи Iэпкълъэпкъым зэриIыр». Абы щыгъуэзу Аминэ къыщыщIар зэрыуэндэгъур, икIи абы къыгурIуат хъыбарыр къыхуэзыхьар зэрымелIыIычыр.

Къинэмыщ1ауэ, бзылъхугъэм пщIыхьэпIэу илъэгъуат мы псалъэхэр къыжраIэу: «Хъыбар удогъащIэ, Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа ЛыкIуэ лъапIэ уи Iэпкълъэпкъым къызэрикIынумкIэ. Ар дунейм къытехьэжи, Мухьэмэд фIэщ, сыт щхьэкIэ, жыпIэмэ, абы и гъащIэ псори ихьинущ Тхьэм фIыщIэ хуищIу». («Мухьэмэд», «Ахьмэд» псалъэхэм я мыхьэнэр «фIыщIэ» жиIэу аращ).

Аминэ и ныбэм ЛыкIуэ лъапIэр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) щихъуам, анэм и нэгу щIэкIыт тельыджэ хуэд. Абы зэхихырт ар къэзыухъуреихь мелыIычхэм Тхьэм фIыщIэ зэрыхуащIыр.

ЛыкIуэ лъапIэм и гъащIэр зытхыжа дни щIэныгъэлIхэм я тхылъым итщ Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) ныбэм щилъым, илъэс шbeканэкIэ зэкIэлъапыту уэгъуу щита щIилъэр зэуэ щхьэантIагъэ зэрыхъуар, жыгхэм пхъэщхьэмыщхьэ куэду къаззэрыпыкIар, къуалбзуэхэм Аминэ и щхьэщыгур къафэрэзыхьу зэритар, бзылъхугъэр псыкъуийм псыхьэ кIуа нэужь, псыр езыр къыдэкIуеIуэ зэрыщытар, нэгъэщI гъэщIэгъуэн куэди къыззэхуэар.

Мухьэмэд бегъымбар лъапIэр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) ныбэм мазибгъукIэ илъащ. Мазэ къэс бзылъхугъэм къыхуэкIуащ ЛыкIуэхэм ящыщ зы, Алыхьым нэхъыфI дыдэу илъэгъуа ЛыкIуэ лъапIэу Мухьэмэд бегъымбарыр и Iэпкълъэпкъым зэрилъымкIэ хъыбар дахэр къыхуахьурэ.

А ЛыкIуэхэр: Iэдэм, Шиф, Идрис, Мурэ, Нухь, Хьуд, Иброхьим, Исмэхьил, Мусэ, Хьисэ.

Жэпуэгъуэм и 14-м илъэси 140-рэ ирикъуащ Урыс-Кавказ зауэм и Iэужьу хэкур зыбгына шапсыгъхэм къахэкIа дин щIэныгъэлI цIэрыIуэ Кэусэрий Мухьэмэд Захьид. Дэ дызэрыщыгъуазэр мащIэми, - ар дуней псом къыщащIыхум къыщымынэу, ислъамдиныр хъумэнымкIэ, абы щымыщ къыхэмыгъэхьэнымкIэ лIыгъэкъэзрымыкIуэ зезыхьа дин щIэныгъэлIышхуэщ. Фи пащхьэ итлъхьэ тхыгъэр Iимам Кэусэрий Кавказыр и хэкужьу зэрыщытым гушхуэныгъэ лей къезыт, абы и тхылъхэм къыщIэтэджыкIа дагъыстэн щIэныгъэлI Ашхьарий Абу Мусэ и лэжьыгъэм щыщ пычыгъуэщ.

Диным и гъуазэ

шапсыгъ Кэусэрий Мухьэмэд Захьид

А IИМАМ махуэр 1878 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м Тырку къэралым и къухьэпIэ ищхъэрэм хуэзэ Дюздджэ къалэм пэгъунэгъу къуажэм къыщалъхуащ. Кэусэрий и къуэпсыр адыгэ мухьэжырхэм я деж йоклуэлIэж - хэкум икIа абы и адэшхуэр шапсыгъхэм ящыщт. Шэрихьэт щIэныгъэ зригъэгъуэтыну Истамбыл кIуэн ипэ, ищхьэрэ сабийуэ, ар и адэм иригъэджащ. И адэм теухуауэ тщIэр ар Кэусэрий Алий и къуэ Хьэсэнэ зэрыщытамрэ хьэдисхэм зыхIэзэ Щамил Iимамым и гъэсэным зэрыригъэджамрэщ. И къуэм и гур щIэныгъэм кIэригъэпщIэн щхьэкIэ лъэкI къигъэнакъым адэм.

Зэман дэкIыу унагъуэр Истамбыл Iэпхъуэжа нэужь, Мухьэмэд щIалэщIэм а къалэм щыщ щIэныгъэлIхэм я деж еджэн щыщIедзэ. 1907 гъэм егъэджэныгъэм езыр хуит хуащIа нэужь, щIалэр Фатихь мэжджытым хэт мыдрисэм егъэджакIуэу яГъакIуэ - арат Истамбыл дин щIэныгъэкIэ нэхъ лъагэу дэт еджапIэр. Хуэмурэ Кэусэрий и гъэсэнхэр егъэтыж. Абы щригъэджащ Истамбыл университетми, Уэсмэн сэрейм хыхьэ «Дарул хьилафэ» еджапIэми. А зэманым абы и ныбжьыр зэрыхъуар илъэс 28-рэт. ЕгъэджакIуэ IэнатIэм пэрыту, щIалэм Уэсмэн тепщэгъуэм дин щIэныгъэ IэхъуэхэмкIэ и унафэщIым и къуэдзэ IэнатIэр къыхуагъэфэщат. Абы текIын гукъыдэжымрэ къэралым щекIуэкI зэхуэхьныгъэхэмрэщ. Кэусэрий Мысырым Iэпхъуэныр къызыхкIар.

А зэманым къежьа зэхуэхьэкIыныгъэхэм диныр ирагъэкIуэтэкIыу цIыхубэ гъащIэм и унэтIныгъэ псори сыт и лъэныкъуэкIи зэманым драгъэкIуныр я мурадт. А лъэхъэнэращ утыку къыщихьар «ЗэкъуэтыныгъэрэefIэкIуэныгъэрэ» партым и лыкIуэ «тырку щIалэхэр». Абыхэм я мурадт тепщэгъуэр Абдул-Хьэмид ЕтIуанэм къыIэщIахыу къэралым конституцэ хабзэ щагъэувыныр. ГурыIуэгъуэт Кэусэрий и Iэнатlэм къыIуэнэныр зэрыдзыхьщIыгъуэджэ дыдэр, уеблэмэ апхуэдэ Iэмал зэрыщымыIэхэр. ЩIэныгъэлIым и ныбжьэгъуу икIи и акъыпэгъуу щыта Абу Зэхра Мухьэмэд жиIэжащ: «Кэусэрий хэкIыпIищым хэдэну къыпэщылIт: е, зэрыхэкIуэдэнур ищIэу, тырку революцэм и уэчылхэм наIуэу яГъэкIуэ. Ауэ ар ирикъуащ Урыс-Кавказ зауэм и Iэужьу хэкур зыбгына шапсыгъхэм къахэкIа дин щIэныгъэлI цIэрыIуэ Кэусэрий Мухьэмэд Захьид. Дэ дызэрыщыгъуазэр мащIэми, - ар дуней псом къыщащIыхум къыщымынэу, ислъамдиныр хъумэнымкIэ, абы щымыщ къыхэмыгъэхьэнымкIэ лIыгъэкъэзрымыкIуэ зезыхьа дин щIэныгъэлIышхуэщ. Фи пащхьэ итлъхьэ тхыгъэр Iимам Кэусэрий Кавказыр и хэкужьу зэрыщытым гушхуэныгъэ лей къезыт, абы и тхылъхэм къыщIэтэджыкIа дагъыстэн щIэныгъэлI Ашхьарий Абу Мусэ и лэжьыгъэм щыщ пычыгъуэщ.**

А IИМАМ махуэр 1878 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м Тырку къэралым и къухьэпIэ ищхъэрэм хуэзэ Дюздджэ къалэм пэгъунэгъу къуажэм къыщалъхуащ. Кэусэрий и къуэпсыр адыгэ мухьэжырхэм я деж йоклуэлIэж - хэкум икIа абы и адэшхуэр шапсыгъхэм ящыщт. Шэрихьэт щIэныгъэ зригъэгъуэтыну Истамбыл кIуэн ипэ, иджыри сабийуэ, ар и адэм иригъэджащ. И адэм теухуауэ тщIэр ар Кэусэрий Алий и къуэ Хьэсэнэ зэрыщытамрэ хьэдисхэм зыхIэзэ Щамил Iимамым и гъэсэным зэрыригъэджамрэщ. И къуэм и гур щIэныгъэм кIэригъэпщIэн щхьэкIэ лъэкI къигъэнакъым адэм.

Зэман дэкIыу унагъуэр Истамбыл Iэпхъуэжа нэужь, Мухьэмэд щIалэщIэм а къалэм щыщ щIэныгъэлIхэм я деж еджэн щыщIедзэ. 1907 гъэм егъэджэныгъэм езыр хуит хуащIа нэужь, щIалэр Фатихь мэжджытым хэт мыдрисэм егъэджакIуэу яГъакIуэ - арат Истамбыл дин щIэныгъэкIэ нэхъ лъагэу дэт еджапIэр. Хуэмурэ Кэусэрий и гъэсэнхэр егъэтыж. Абы щригъэджащ Истамбыл университетми, Уэсмэн сэрейм хыхьэ «Дарул хьилафэ» еджапIэми. А зэманым абы и ныбжьыр зэрыхъуар илъэс 28-рэт. ЕгъэджакIуэ Iэнатlэм пэрыту, щIалэм Уэсмэн тепщэгъуэм дин щIэныгъэ IэхъуэхэмкIэ и унафэщIым и къуэдзэ Iэнатlэр къыхуагъэфэщат. Абы текIын гукъыдэжымрэ къэралым щекIуэкI зэхуэхьныгъэхэмрэщ. Кэусэрий Мысырым Iэпхъуэныр къызыхкIар.

А зэманым къежьа зэхуэхьэкIыныгъэхэм диныр ирагъэкIуэтэкIыу цIыхубэ гъащIэм и унэтIныгъэ псори сыт и лъэныкъуэкIи зэманым драгъэкIуныр я мурадт. А лъэхъэнэращ утыку къыщихьар «Зэкъуэтыныгъэрэ efIэкIуэныгъэрэ» партым и лыкIуэ «тырку щIалэхэр». Абыхэм я мурадт тепщэгъуэр Абдул-Хьэмид ЕтIуанэм къыIэщIахыу къэралым конституцэ хабзэ щагъэувыныр. ГурыIуэгъуэт Кэусэрий и Iэнатlэм къыIуэнэныр зэрыдзыхьщIыгъуэджэ дыдэр, уеблэмэ апхуэдэ Iэмал зэрыщымыIэхэр. ЩIэныгъэлIым и ныбжьэгъуу икIи и акъыпэгъуу щыта Абу Зэхра Мухьэмэд жиIэжащ: «Кэусэрий хэкIыпIищым хэдэну къыпэщылIт: е, зэрыхэкIуэдэнур ищIэу, тырку революцэм и уэчылхэм наIуэу яГъэкIуэ. Ауэ ар ирикъуащ Урыс-Кавказ зауэм и Iэужьу хэкур зыбгына шапсыгъхэм къахэкIа дин щIэныгъэлI цIэрыIуэ Кэусэрий Мухьэмэд Захьид. Дэ дызэрыщыгъуазэр мащIэми, - ар дуней псом къыщащIыхум къыщымынэу, ислъамдиныр хъумэнымкIэ, абы щымыщ къыхэмыгъэхьэнымкIэ лIыгъэкъэзрымыкIуэ зезыхьа дин щIэныгъэлIышхуэщ. Фи пащхьэ итлъхьэ тхыгъэр Iимам Кэусэрий Кавказыр и хэкужьу зэрыщытым гушхуэныгъэ лей къезыт, абы и тхылъхэм къыщIэтэджыкIа дагъыстэн щIэныгъэлI Ашхьарий Абу Мусэ и лэжьыгъэм щыщ пычыгъуэщ.**

Зи гугъу тщIа Абу Зэхра Мухьэмэд жеIэ: «ПщIэ зиIэ а Iимамыр ислъамыр пхэнжу къызыгурIуэ мэсхьэбыщIэм щыщтэкъым, ислъам тхыдэм хэмыта щIэ гуэрым къыхуезыдджэхэми ещхьтэкъым. Ар бэм зыужьыныгъэм и дамыгъэу ялытэ цIыхутэкъым, уеблэмэ апхуэдэхэм я бийт. Пэжыр араща, Кэусэрий зыкIэлъыгъаззIэтэкъым, езыр гъуазэ ирикъурт. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ ар, шэч хэмылъу, къэрэщIэрэщIэжкIуэу - «къэрэщIэрэщIэжын» псалъэм и мыхьэнэ пэжым техуэу - зэрыщытар. Сыту жыIэмэ, къэщIэрэщIэжныгъэ пэжыр Ислъамыр зытета Лыагагъэм тегъэувэжауэ ар адрейхэм зэрефIэкI увыпIэр етыжынращ: и къежьапIэм иIа къабзагъэр, къарур, къызэрымыкIуагъэр къегъэщтэжыныр, и лъабжьэхэр быдэ щIыжыныр. КъэщIэрэщIэжыныгъэ пэжыр бегъымбар лъагъуэм псэ хэлъхьэжыныр, диным хэмылъу къыхьхьар гъэкIуэдыжынырщ, щIыхуэм ислъамым и лъабжьэмрэ и тегъэщIапIэхэмрэ егъэщIыжынырщ. Аращ пэжымрэ зэхуагъэмрэ зи тегъэщIапIэ къэщIэрэщIэжыныгъэ хъужыр. Ики Кэусэрий а гъуэгум техьат: бегъымбарым и псэукIэ хьэлу щытам и щIэщыгъуэр къигъэхьэжынкIэ, тхылъ щIэинхэм ящыщу тхыдэ къуэгъэнапIэхэм щыщIэхъуамэхэр къыщIэгъэщIыжынырт абы зи Iуэху зэрихуэр. Ди япэ ита цIыху къабзэхэм я егугъуныгъэр хэлъу, Кэусэрий а Iуэхушхуэм бгъэдэуат суннэр кьихъуэму, иджу, зригъэубгъуу».

Апхуэдэ дыдэут езыри зэрыщытыр: тегушхуэныгъэ инрэ еплъыкIэ захуэрэ иIэу, цIыху пэжрэ ехьэкI-нехьэкI хэмылъу, зэпIэзэрыту и гум ильыр занщIэу жиIэу. А бгъэдыхьэкIэращ кхъухьфIри зэранигъэ нэхъ мащIэ къэзышэри. Сыту жыIэмэ, ди япэ ита цIыху къабзэхэм жаIэу щытащ: IуэхугъуитI щыIэщ Iулыджьым ущыфIэлIыкI мыхъэну - хьукмымрэ хьэдисымрэ. Алыхьталэм и диным нэфI-нейкIэ бгъэдэмыхьэныр дэ, суннэ Iыхьлым щыщ щIэныгъэлIхэм, ди Iуэху зэфIэхыкIащ. Кэусэрий и гугъу пщIымэ, абы ар гъащIэ хабзэу зэрихьэт.

Абы и акъылым жаныгъэу хэлъамрэ пэжыр зэхэгъэкIыным хуиIа Iэзагъымрэ я щIыхьэту и Iэдакъэщ1экIхэр къоув. Кэусэрий лэжьыгъэ куэд къэзэринэкIащ, я нэхъыбэр зытеухуар дин къудамэ гъуэщаxэм жэуап етынымрэ Абу Хьэнифэ Iимамым и пщIэ ирагъэкуэхар къэIэтыжынымрэщ. Псори зэхэту къыуфбжмэ, абы и Iэдакъэщ1экIхэм я бжьыгэр тIощIрэ пщIым ноблагъэ, тхылъ щхьэхуэхэм ядыщIигъуахэм я гугъу умыщIмэ. ЩIэныгъэ къудамэ куэдым, псалъэм папщIэ, хьэдис щIэныгъэм, абы щиIыгъа ныбжьэгъу куэд щцихьэт тохуэ. А лъэныкъуэмкIэ абы и егъэджакIуэ икIи и ныбжьэгъу, Уэсмэн тепщэгъуэм и иужьрей ислъам шейх Сабри Мустэфа и псалъэхэр къэпхьэну къ1ознэ: «Пэжыр араща, си ныбжьэгъу шейх Мухьэмэд Захьид - Алыхьым ари адрей дин щIэныгъэлIхэри ислъамым ныкъуэщхьэпэн хуэдэу кьихъумэ - зыхуэдэ щыIыбэу хьишхуитIым хуэIэзэт: хьэдисым и хьмрэ, фыкъыхъ щIэныгъэм и хьмрэ. А щIэныгъэхэращ икIи ислъамыр адрей динхэм кьахэзыгъэщхьэхуКIыр».

Кэусэрий хэлъа щэнфIагъэщ зыхуэдам щыгъуазэ дещI Деобанд щыщ мухьэддисышхуэ Баннурий Мухьэмэд-Юсуф. Iимамыр Баннурий ныдэIэу псалъэ дахэ-хэр кьыхужиIэурэ имыгъэукIытэну. «Къэзмылэжьауэ къыхсухэгъэфащэ уи псалъэхэр фIыуэ сыкъызэрыплъагъурэ укъызэрыхуэзарэзымрэ я щIыхьэтщ», - хуетх абы Кэусэрий. НэгъуэщIыпIэ деж щыжеIэ: «СыбгъэукIытащ, зи щIыхьыр ин, сэ сызыпэжыжьэ сэфэтхэм сибгъэувэри, ипэжыпIэкIэ, сэ схуэзэфIэкIыр мащIэ дыдэщ. Алыхьращ хуитыр ди гуэныхьэр кьытхуигъэгъуныи, и тыгъэхэр тхуигъэбгъуэныи».

А Iимам махуэр 1952 гъэм щыщхьэуIум и 19-м илъэс блыщIрэ тху ныбжьым иту дунейм ехьжащ, зэрыкуагъэфащэкIэ, фошыгъу узым кьыхигъэзыхьа нэужь. Кэусэрий и кьаруушэгъуэм и щхьэгъусэмрэ и пхъумрэ сымаджэ хьэлъэу щытахэр, езыри кIуэ пэтми нэхъ пъэрымыхь хъурт. Баннурий хуригъэхьа тхыгъэхэм къыхощ абы и нэхэм фIыуэ зэрамылъагъужьр, абы кьыхэкIыу лэжьыгъэм зэрыпэрымытыфынур.

Iимам щэджащэм къигъэна щIэинри щэджащэщ. Шэч хэмылъу, Iимам Кэусэрий Алыхьталэр пIэщIыгъуэ къэс цIыхухэм зэрахуэупсэ нэфI лейр зыIыса щIэныгъэлIт, апхуэдэу жызыIэхэм дэри драакъыIэгъущ.

АШХЬАРИЙ Абу Исхьэкъ,
дин щIэныгъэлI.

Щэкlуэгъуэм и нэмэз щlыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджы-жьыр	Дыгъэр къыщы-щIэкIыр	Шэджа-гъуэр	Ичын-дыр	Ахъшэ-мыр	Жасыр
1, махуэку	05.11	06.41	12.00	14.44	16.59	18.37
2, мэрем	05.12	06.43	12.00	14.43	16.58	18.35
3, щэбэт	05.14	06.44	12.00	14.42	16.57	18.34
4, тхьэмахуэ	05.15	06.45	12.00	14.41	16.55	18.33
5, блыщхьэ	05.16	06.46	12.00	14.40	16.54	18.32
6, гъубж	05.18	06.48	12.00	14.39	16.53	18.30
7, бэрэжьей	05.19	06.49	12.00	14.38	16.52	18.29
8, махуэку	05.20	06.50	12.00	14.37	16.50	18.28
9, мэрем	05.22	06.52	12.00	14.36	16.49	18.27
10, щэбэт	05.23	06.53	12.00	14.35	16.48	18.26
11, тхьэмахуэ	05.24	06.54	12.00	14.34	16.47	18.25
12, блыщхьэ	05.26	06.56	12.00	14.33	16.46	18.24
13, гъубж	05.27	06.57	12.00	14.32	16.45	18.23
14, бэрэжьей	05.28	06.58	12.00	14.32	15.44	18.22
15, махуэку	05.30	07.00	12.00	14.31	16.43	18.21
16, мэрем	05.31	07.01	12.01	14.30	16.42	18.20
17, щэбэт	05.32	07.02	12.01	14.29	16.41	18.19
18, тхьэмахуэ	05.33	07.03	12.01	14.29	16.40	18.18
19, блыщхьэ	05.35	07.05	12.01	14.28	16.40	18.17
20, гъубж	05.36	07.06	12.01	14.27	16.39	18.17
21, бэрэжьей	05.37	07.07	12.02	14.27	16.38	18.16
22, махуэку	05.38	07.09	12.02	14.26	16.37	18.15
23, мэрем	05.39	07.10	12.02	14.26	16.37	18.15
24, щэбэт	05.41	07.11	12.02	14.25	16.36	18.14
25, тхьэмахуэ	05.42	07.12	12.03	14.25	16.35	18.13
26, блыщхьэ	05.43	07.13	12.03	14.24	16.35	18.13
27, гъубж	05.44	07.15	12.03	14.24	16.34	18.12
28, бэрэжьей	05.45	07.16	12.04	14.23	16.34	18.12
29, махуэку	05.46	07.17	12.04	14.23	16.33	18.11
30, мэрем	05.48	07.18	12.04	14.23	16.33	18.11

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Iуэхущ1апIэм къыдитащ.

Iиманыншэхэр бэджым хуегъадэ

Алыхьым и псалъэу КъурIэным къыщыкIуащ: «**Алыхьым къыщынэмыщIа, нэгъуэщIхэм ящыгугъуэр хуэдэщ зи унэр къеъуэбгъэбыдэжкI бэджым. Шэн хэлъкъым бэджым и унэм нэхърэ нэхъ махэ зэрыщымыIэм**».

Мы Iэятым и мыхьэнэр Ас Саиди и тэфсирым мыпхуэдэу къыщыкIуащ: Алыхьым къыщынэмыщIауэ, нэгъуэщIым хуэпщылIыр хуегъадэ бэджым, сыту жыIэмэ, дунейм псэущхьэ теткъым бэджым нэхърэ нэхъ махэ, апхуэдабзэу, унэу щыIэм я нэхъ махэр бэджым и унэращ. Жьыбгъэми, уэлбанэми ирихьэжьэнущ бэджым и унэр, апхуэдабзэщ Iиманыншхэр зыхуэпщылI тхьэнэпIэхэри. ТхьэнэпIэхэр зыри ищIыскъым, Iиманыншэхэр тхьэнэпIэхэм зэрращигугъым ахэр ещI нэхъри нэхъ тхьэмыщкIэж.

Алыхьым къигъэгугъахэр

КъурIэным итщ: «**Зи мылъкур Алыхьым папщIэ зыгъэкIуэду, ялэжьар зымыхъуэныжхэм къапоплъэ Алыхьым и пащхьэ къикIыу тыгъэ лъапIэхэр**».

Мыхьэнэр: зи мылъкур Алыхьым и арэзыщIыныгъэм папщIэ зыгъэкIуэдхэм, псалъэм и хъытыркIэ, дин щIэныгъэ къэзылъхьэхуэм мылъкукIэ зыщIэгъэкъуэн и лъэныкъуэкIэ, е тхьэмыщкIэхэм, факъырхэм ядэIэпыкIун, нэгъуэщIу жыпIэмэ, хуэныкъуэм щIэгъэкъуэн зыхуэзэщIхэм я псапэр мин бжьыгъэкIэ яхуигъэбгъэунущ Алыхьым. Ауэ щыхъукIи, абыхэм ялэжьа Iуэхугъуэфыр яхуэныжжмэ, щIэгъэкъуэн зыхуэхъуэхэм епэгэкIмэ, ахэр яГъэпудмэ, къапэщылъри, гуэзвэгъуэщ.

Динымрэ ислъамымрэ

● Уаз

Ислъамым и нур

Напэкlуэцlыр зыгъэхьзырар **Жылокъуэ Лусаннщ.**

Муслъымэн псоми ди зэхуэдэ мазэ лъапIэр

Мухьэмэд бегъымбар лъапIэр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) къыщалъхуа махуэр мы гъэм ноябрым и 20-м тохуэ. А махуэ-раш дунейм щехьажари ЛыкIуэ лъапIэр.

Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар)

Ялэ дыдэу къигъэщIа Iэдэм бегъымбарым дежи щегъэжьауэ лыкIуэ псоми ящIэу щытащ Мухьэмэд бегъымбарыр зэрыщыIэнур икIи а зэманым псэуу нэсыну псори Мухьэмэд бегъымбарым и гъэгум тетыну къыхураджащ. Абы и щыхьэту Iэят куэд къыщыкIуащ КъурIэн лъапIэм.

Iэдэм бегъымбарыр иджыри жэнэтым кърагъэкIын ипэкIэ, хьэршым щIилъэгъуат Алыхьым и цIэм пэгъунэгъуу Мухьэмэд цIэр зэрыщытыр. Абы щыгъуэм ЛыкIуэм къыгурIуат Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) и гъэгум тетыну. Апхуэдабзэу, тхьилъ къызыхуэха адрей лыкIуэхэми я тхыгъэм къыщыкIуащ Мухьэмэд бегъымбар лъапIэр зэрыщыIэнур. Дэтхэнэ зыми Тхьэм къалэн ящищIат Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) и гъэгум цIыхубэр хураджану, икIи лыкIуэ псоми а къалэнир нэсу яГъэзэщIащ. АрщхьэкIэ, язныкъуэхэм а хъыбарыр зэхахыну хуеякIыж.

Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) ныбэм щилъым

Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) ныбэ щилъым, абы и анэ Аминэ къыщIэхъатэкъым и Iэпкъ-лъэпкъым сабийм зыщиужьу.

Зымахуэ гуэрым цIыхухъу сэфэтым иту мелыIыч къыбГэдыхьэри, Аминэ къеупщIащ: «Уэзрыуэндэгъур пщIэрэ?» - жиIэри. «СщIэркъым», - жиIэу бзылъхугъэм жэуап щитым, лIым адэкIэ къыпищащ: «АтIэ, бжьэолэ Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа бегъымбар уи Iэпкълъэпкъым зэриIыр». Абы щыгъуэзу Аминэ къыщыщIар зэрыуэндэгъур, икIи абы къыгурIуат хъыбарыр къыхуэзыхьар зэрымелIыIычыр.

Къинэмыщ1ауэ, бзылъхугъэм пщIыхьэпIэу илъэгъуат мы псалъэхэр къыжраIэу: «Хъыбар удогъащIэ, Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа ЛыкIуэ лъапIэ уи Iэпкълъэпкъым къызэрикIынумкIэ. Ар дунейм къытехьэжи, Мухьэмэд фIэщ, сыт щхьэкIэ, жыпIэмэ, абы и гъащIэ псори ихьинущ Тхьэм фIыщIэ хуищIу». («Мухьэмэд», «Ахьмэд» псалъэхэм я мыхьэнэр «фIыщIэ» жиIэу аращ).

Аминэ и ныбэм ЛыкIуэ лъапIэр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) щихъуам, анэм и нэгу щIэкIыт тельыджэ хуэд. Абы зэхихырт ар къэзыухъуреихь мелыIычхэм Тхьэм фIыщIэ зэрыхуащIыр.

ЛыкIуэ лъапIэм и гъащIэр зытхыжа дни щIэныгъэлIхэм я тхылъым итщ Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) ныбэм щилъым, илъэс шbeканэкIэ зэкIэлъапыту уэгъуу щита щIилъэр зэуэ щхьэантIагъэ зэрыхъуар, жыгхэм пхъэщхьэмыщхьэ куэду къаззэрыпыкIар, къуалбзуэхэм Аминэ и щхьэщыгур къафэрэзыхьу зэритар, бзылъхугъэр псыкъуийм псыхьэ кIуа нэужь, псыр езыр къыдэкIуеIуэ зэрыщытар, нэгъэщI гъэщIэгъуэн куэди къыззэхуэар.

Мухьэмэд бегъымбар лъапIэр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) ныбэм мазибгъукIэ илъащ. Мазэ къэс бзылъхугъэм къыхуэкIуащ ЛыкIуэхэм ящыщ зы, Алыхьым нэхъыфI дыдэу илъэгъуа ЛыкIуэ лъапIэу Мухьэмэд бегъымбарыр и Iэпкълъэпкъым зэрилъымкIэ хъыбар дахэр къыхуахьурэ.

А ЛыкIуэхэр: Iэдэм, Шиф, Идрис, Мурэ, Нухь, Хьуд, Иброхьим, Исмэхьил, Мусэ, Хьисэ.

Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) дунейм къызэрытехьар

Аминэ и тхьэмадэ Абдул-МутIэлиб и унэм щыIэт, сабийр дунейм къытехьэну щыхъуа дакъикъэм. Унэм щIэсыр Аминэ и закъуэт. Ар гуэват дэIэпыкъуэгъуэ зэрыщIэмысым щхьэкIэ, арщхьэкIэ, Алыхьыр гущIэгъущIщ, Ар псоми щыгъуазэщ. Асыхьэтым Аминэ къыхуэкIуащ Тхьэр зыхуэупса бзылъхугъиплI: Мэрем (Хьисэ бегъымбарым и анэр), Сарэ (Иброхьим бегъымбарым и щхьэгъусэр), Хьаджэр (Исмэхьил бегъымбарым и анэр), Асие (Муззэхьим и пхъур. Ар фирхьэуным и щхьэгъусэу щытащ).

ЛыкIуэ лъапIэр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) къыщалъхуям къыщыкIуащ Тхьэр зыхуэупсе бзылъхугъиплI: Мэрем (Хьисэ бегъымбарым и анэр), Сарэ (Иброхьим бегъымбарым и щхьэгъусэр), Хьаджэр (Исмэхьил бегъымбарым и анэр), Асие (Муззэхьим и пхъур. Ар фирхьэуным и щхьэгъусэу щытащ).

ЛыкIуэ лъапIэр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) къыщалъхуам абы далъэгъуа телъыджихьр

- Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) къыщэралъхуу, Тхьэм сэждэ хуищIат («сэждэ» псалъэм и мыхьэнэр «щхьэщэ» жиIэу аращ);
- и щхьэр къиIэтри, жиIащ: «ЛаИиллахъэ Ииллэлахь ини рэсулулахь» (Алыхь закъуэм фIэкIа, Тхьэ щыIэжьим сэри Алыхьым сриIыкIуэщ);
- щIыпIэр нуру къыщыщIоблат;
- щагъэпскIынум зэхахат «Дэ ар къабзэу дгъэпскIауэ къэдгъэщIащ» псалъэхэр;
- и бынжэр пыупщIауэ, сунэт щIауэ дунейм къытехьат;
- сабийр хъыданым щыкIуэщIашыхьым, «ЛаИиллахьэИилэлахь Мухьэмэд рэсулулахь» псалъэхэр яльэгъуащ абы и бгым тету.

ЛыкIуэ лъапIэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) и сабиигъуэр

Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) къамылъху щIыкIэ зеинщэ хъуат, ар иджыри ныбэ илъу и адэ Абдуллэхь дунейм екьжат.

ЛыкIуэм и ныбжьыр илъэситI щыхъум абы Iэхъу тельыджэ къыдэхъуат. ЛыкIуэ лъапIэмрэ быдзышэхэ и къэуш щыкIуам рэхьэлэ сабийхэм ядэджэгуу уэрамым здыдэтым, абыхэм къабгъэдыхьащ мелыIыч Джобрэилир цIыху сэфэтым иту. ЛыкIуэр щIым игъэгъуэлъщ, и бгъэр зэгуихри, и гур кьрихащ, гум хэлъ фIыцIагъэр кьыхихри, хьфIидзащ: «Мыр къиднэмэ, шейтI

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Нало Заур и фэеплъыр Абхъазым щагъэлъапIэ

«Рифмы на Рице» фIэщыгъэм щIэту иджыблагъэ Абхъазым щекIуэкIа фестивалыр щIэныгъэлI, тхакIуэ Нало Заур къыщэралъхуэр илъэс 90 щрикъум хуэгъэпсауэ щытащ.

КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ Налом абхъаз тхакIуэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ пыщIэныгъэ быдэ яхуиIэу, абы ныбжьэгъу щикуэду зэрыщытар. Апхуэдэ филологие щIэныгъэхэм я доктор, Абхъаз къэрал университетым и егъэджакIуэ нэхъыжь Салакае Шота, тхакIуэ цIэрыIуэ Шинкубэ Бэгърат сымэ.

«Рифмы на Рице» зэхьхьэ дахэр и жэрдэмщ уасакIуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, «Жан» жылагъуэ зэгухэзэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Заринэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу Абхъазым ирагъэблагъат: **Къаныкъуэ Заринэ**, филологие щIэныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь **Къэжэр Иннэ**, журналист **Шыбзыхъуэ Астемыр**, уэрэджыIакIуэ, артист **Теунэ Джэмал**, сурэтыщI-модельер **Шыбзыхъуэ Жаннэ**, журналист, филолог **Битокъу Маринэ** сымэ.

Фестивалым и япэ махуэм «Абхазоадыгское единство: литературный акцент» фIэщыгъэм щIэт «стIол хъурей» Абхъаз къэрал университетым щрагъэкIуэкIащ.

Абхъаз литературэмкIэ кафедрэм и унафэщI **Аджинджал Дианэ** зэпыщIэр къыщыIэзIуихьм илъэс куэд щIауэ ди лъэпкъхэм яку дэль зэныбжьэгъугъэм, абы и быдагъым щыхьэт техуэу Iуэхухэм тепсэлъыхьащ. Шэч хэмылъу, а зэпыщIэныгъэхэм я нэпкъыжьэ литературэми телъщ, абыхэми щхьэхуэу тепсэлъыхьащ кафедрэм и унафэщIыр.

Лъэпкъым дежкIэ хьэлъэу щыта илъэсхэм Абхъаз литературэмкIэ кафедрэм зэфIигъэкIахэм теухуауэ щытащ тхакIуэ, литературэдж, АР-м и Президентым и советджасагъу **Зантарие Владимир** и псалъэр. Абхъазым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Абхазоу Вахтанг**, «Алашара» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Лагулаа Анатолэ**, АКъУ-м журналистикэмкIэ и кафедрэм и унафэщI, философие щIэныгъэхэм я доктор **Анкваб Гурам** сымэ я гугъу ящIащ лъэпкъхэр кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу зэрызэхуэхъум, а лэжьыгъэр нэхъри ефIэкIуэн папщIэ щIапхъэхэм, литературэ зздзэкIакIуэ, критик дызэримаиащ, ныбжьэгъу хуэдми.

КъыкIэпыкIуэ махуэм Рицэ гуэлым и Iуфэм усэ къыщеджащ. Сталиным Абхъазым щиIэу щыта зыгъэпсэхупIэ унэм, иджы музейм, адыгэбзэ, усэ едэIуэну куэд щызэхуэсат.

Абхъазым и цIыхубэ усакIуэ **Аламиа Геннадий** жиIащ Искандер Фазиль апхуэдэ фестивалыр къыщызэригъэпэщыну, тхакIуэ нэхъыфIхэр Абхъазым щызэхуишэсыну щIэхъуэпсу зэрыщытар. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм а хъуэпсапIэр нахуапIэ ящIащ.

Пшыхьым псалъэ дахэ куэд щагъэIуащ Нало Заур теухуауэ, абы лъэпкъитIыр зэрыбыдыныжмкIэ илъэхьэр ягу кьагъэкIыжащ. Налом и Iэдакъэщ1экIхэм бзитIымкIи кьеджащ. УсакIуэ ныбжьыщIэхэу **Капш Алхас**, **Колбае Абзэгу**, **Тание Сусаннэ** сымэ Нало Заур и усэхэм щыщ езыхэм абхъазыбзэкIэ зэрадзэкIауэ утыку кьрахьащ. Къызэхуэсахэм хуагъэшащ Налом и новеллэхэр щызэхуэхьэсауэ иджыблагъэ урысыбзэкIэ кьыдэкIа тхыльхэр.

Фестивалым и иужьрей махуэри гъэщIэгъуэнагъкIэ гъэнщIат. СурэтыщI-модельер Шыбзыхъуэ Жаннэ дыщэидэмкIэ дерс итащ. Абхъазым а Iэмалыр кьащагъэсэбэпыркъым, итIани, абы зрагъэсэну хуейуэ куэд дыдэ къызэхуэсат. Чанбэ Самсон и цIэр зезымэ къэрал драмэ театрым Теунэ Джэмал и апэ творческэ пшыхь кьащыщэрагъэпэщат. Джэмал игъэзэщIащ и Iэдакъэщ1экI уэрэдхэр адыгэбзэрэ урысыбзэкIэ). Пэшым щIэсхэм яIэта Iэгуаеу инымкIэ гурыIуэгъуэт ар кьызэхуэсахэм ягу зэрыдихьар.

Абхъазым щэнхабзэмкIэ и министр Арсалие Эльвирэ фестивалыр щызэхущIыкьым жиIащ яубла Iэху дахэр илъэс кьэс ирагъэкIуэкIыну эрамурадыр.

Тхыгъэри сурэтхэри **БИТОКЪУ Маринэ** *ейщ.*

● Пшыхьхэр

Дыщэидэм и дахэмрэ и щэхумрэ

Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым щекIуэкIащ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдагъэкIа, напэкIуэцI 472-рэ зи Iувагъ «Адыгэ идэ. Золотое шитьё черкесов» тхылъ-сурэтылъэ щхъуэжкIэпIэлыкIэм теухуа пшыхь.

ЛЭЖЬЫГЪЭР зи Iэдакъэ къыщIэкIа цIыху Iэпщ1эпащ1э, мы Iэхумкlэ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ Иуаныкъуэ (Дохъушокъуэ) Мадинэ хэдыкIымрэ хьагъэ дахэкэр зэIущэнымрэ дахьэх. Ар щеджащ Урысейм, Франджым, Тыркум, Швейцарием, Куржым я Iэпщ1элъапщ1эхэм я деж. КъыщынэмыщIауэ, ар хэтащ ди щIынальэми хамэ къэралхэми щекIуэкIа гъэльэгъуэныгъэхэм. А гъуэджэм нэсу зыхигъэгъуэза нэужь, Иуаныкъуэ Мадинэ дуней песим и библиотекэхэм щIэныгъэ куу щызыIэригъэхьащ Европэм, Къуэкlыпlэм, Азием я Iэпщ1эльапщ1эхэм дыщэидэм теухуауэ яб-гъэдэлъ Iэзагъэм теухуауэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2012 гъэм Иуаныкъуэ Мадинэ къыдигъэкIащ «Адыгские (черкесские) золотошвеи из Причерноморской Шапсугии» тхылъыр. Абы ихуащ 1913 гъэм Шапсыгъым щекIуэкIа гъэльэгъуэныгъэхэм жьыдэру хэта шапсыгъ бзылъхугъэ Iэпщ1эльапщ1эхэу Щхьэбэ-Тlэш ФатIимэтрэ Чынтыжь-Вэгулl Салмэтрэ я лэжьыгъэхэм щыщи. Къыщынэмыщ1ауэ, хигъэхьащ езы Мадинэ дыщэидэм зэрызыхуигъасэ шапсыгъ пасэрей сурэтхэр, тенджыз ФIыцIэм Iус адыгэхэм я фащэмрэ тхылпхъэхэмрэ, абыхэмкIэ Iэпщ1эльапщ1эу щыта шапсыгъ цIыхубзхэм я Iэдакъэщ1экIхэмрэ я сурэтхэмрэ.

Мадинэ дыщэидэм триухуа «Адыгэ идэ» монографием илъэс 30-м щIигъукIэ елэжьащ икIи абы щызэхуихьэсащ адыгэ дыщэидэм и тхыдэр, игъуэта зыужьыныгъэр. Адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI дыщэидэ Iэщ1агъэм ехьэлIа псалъэхэр Мадинэ адыгэбзэм и къэбэрдей, кIэмыргуей диалектхэмкIэ зэриткьыжам и мыхьэнэр кьыпхуэмыIуэтэным хуэдизщ. Тхылъым щызэхуэхьэсащ сурэтищэм нэблагъэ. Абыхэм яхэтщ XIX-XX лIэщIыгъуэхэм ди щIыналъэм, хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIаи, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ Республикэхэм я Лъэпкъ музейхэм я гъэтIылъыгъэхэм щыщи, цIыху щхьэхуэхэм яхъумэ дыщэидэ лэжьыгъэхэм трахаи. Ахэр екIуу зэхигъэуващ тхылъыр зыгъэщIэрэщIа художник Щоджэн Жаннэ. Тхылъыр сэбэп яхуэхъунущ дыщэидэ Iэщ1агъэ зэзыгъэгъуэтыну гупыж зыщIхэм. Шэч хэлъкъым лъэпкъым къыдедекIуэкI щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэхэр щызэхуэхьэса, блэкIамрэ нобэмрэ зэпызыщIэ лэжьыгъэр адыгэ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ дахьэххэм я дежкIэ сэгугъат лъапIэ икIи щхьэпэ зэрыхьунум.

Адыгэ лъэпкъым къыдекIуэкI Iэщ1агъэ дахэм теухуа тхылъыр зи Iэдакъэ къыщIэкIа Иуаныкъуэ Мадинэ фIыщIэ хуащIу пшыхь гуапэм къыщыпсэльащ УФ-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор цIэрыIуэ, усакIуэ **ХьэIупэ Джэбрэйил**, тхылъ тедзапIэр зей **Котляров Виктор**, Iэщ1э-фащ1э щIыныжмкIэ Iэпщ1эльапщ1э **Мэстафэ Вячеслав**, «Адыгэ унэ» тыкуэныр зыгъэлажьэ **IутIыж Мэжид** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Иуаныкъуэ Мадинэ

Щоджэн Жаннэ

Котляров Виктор

IутIыж Мэжид

● Налшык

Тыгъэ къыхуащI

Московскэ областым къыбгъэдэкIыу Налшык тыгъэ къыхуащIащ сабий джэгупIэ зэраухуэн.

Мы Iуэхум унафэ тезыщIыхь Налшык къалэ администрацэм и унафэкIэ ар щагъэуващ «Стрелка» хьэблэм, Идар Темрыкъуэ и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №24-м.

Мыр фэтэр куэду зэхэт унэ нэхъ инхэм ящыщщ. ДжэгупIэм хеубыдэ сабий цIыкIухэм папщIэ пшахъуалъэ, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым тещIыхьа Iэмэпсымэу щIы бжыгъэхэр, топ джэгупIэхэр. Зи гугъу тщIы унэм къыбгъэдэт адрейхэри гулъытэншэ хъунукъым - лэжьыгъэхэм дунейр щIыIэ дыдэ хьуху пащэнущ: бжэIупэхэм телъ асфальтыр, бетон къуэхьэр яхъуэжьнущ, щIыпIэр уэздыгъэхэмкIэ кьагъэнэхунущ, пхъэнкIий зрадзэхэр зэрахъэжьнущ, тетIысхьэпIэ дахэхэр ягъэувынущ.

«Стрелка»-м егъэщIыIа щIыпIэхэр удз гъэгъахэмкIэ, жьигъыщIэхэмкIэ, щхъуантIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ягъэдэхэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Хъуэхъу

Дол Азэмэт Анатолий и къуэм и махуэ

Ди щIалэ Iущым и ныбжьыр илъэс 30 зэрырикъумкIэ дохъуэхъу.

Азэмэт, уи пщIэр лъагэрэ уи псэр кьабзэу, уи насыпыр вагъуэр уэгум иту, уи щэныфмрэ акъылыгъэ санэхуафэр хуалэту, цIыхугъэр кьыбдэбагъуэу, уи адэ-анэр, кьыбдалъхуахэр уэркIэ гушхуэу Тхьэм куэдрэ уигъэпсэу.

Уи благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ.

● Налшык

Бжьыхьэ удз гъэгъахэр

«Горэленхоз»-м зэфIегъэкI бжьыхьэ Iуэхухэр.

Зэрыфлъагъущи, Налшык и уэрамхэм, утыкуэхэм, паркым куэду щыхасэжащ кьалэр зыгъэдахэу щыта роэзхэр. Ахэр япэ уэсыр кьытриIыхьэку гъэгъэнущ. Иджыпсту лэжьакIуэхэм роэз пыгъуэкIахэмрэ гъэмахуэ псом кьыдэжа кьудамэ зыхуэмейхэмрэ паупщI.

ЩэкIуэгъуэ мазэм и кIэхэм роэзхэр паупщынурэ я лъабжьэ щIатхъуэнущ Мы гъэм нэхъыбэу хасащ георгинэхэр. Ахэри, хризантемэмрэ астрэмрэ щхъуэкIэплъыкIэу щызэхэтщ кьулыкъущIапIэ бжэIупэхэм, паркым и лъэс лъагъуэ нэхъыщхьэхэм.

ЛЪОСТЭН Муэ.

Спеваков Николай къалъыхъуэ

Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и Управленэм и уголовнэ къэлъыхъуэныжмкIэ и Iэнатlэм кьелъыхъуэ республикэм и щыхьэрыш щыпсэу Спеваков Николай Николай и къуэр, 1971 гъэм къалъхуар. Абы щэч хуащI УФ-м и Уголовнэ кодексым и 228-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхьаджагъэхэр (хабзэм къемызэгъыу наркотикхэкIхэр зыIэрыгъэхьэн, щэн, нэгъуэщI щIыпIэ шэн, гъэхьэзырын) илэжьауэ.

Пщ1э зыхуэтщIхэ!

Спеваков Николай Николай и къуэр здэщыIэ щIыпIэр убзыхунымкIэ сэбэп хуну хъыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэльэну мы телефонхэмкIэ: **8(8662) 49-46-02**, **49-54-64**, **02** е полицэм и кьудамэ нэхъ фпэгъунэгъуэм зыхуэвгъэззэну.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Футбол

ТекIуэныгъэр зыIэщIагъэкIакъым

Спартак-Налшык» (Налшык) - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) 2:0 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 27-м. ЦIыхуи 200 еплъащ.

Судьяр: Колтунов (Дон Iус Ростов)

«Спартак-Налшык»: Щоджэн Б., Михайлов К. (Бэрсэдж, 90+2), Ольмезов, Белоусов, КIэдыкIуей, Машэжь (Ашуев, 88),Салахетдинов, Бажэ, Мэшыкъуэ Хь., Бацэ, Мэшыкъуэ И. (Дэхъу, 39).

«Мэшыкъуэ-КМВ»: Аршиев, Кабулов, Черкасов, Демидов, КIыщ, Гыстаров, КIэблахъуэ (Кюрджиев, 75), Ваниев, Карибов, Джатиев (Верулидзе, 74), Ярцев.

Топхэр дагъэкIащ: Салахетдинов, 32 (1:0), Бацэ, 65 (2:0).

Дагъуэ ныхуущIащ: Ваниевым, Мэшыкъуэ Хь., КIэблахъуэм.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 27-м «Спартак-Налшыкым» кьригэблэгъащ Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-р. Ипэ тхьэмахуэм кьызэрыхагъэщIам щхьэкIэ налшыкдэсхэм я унэм Iэмал имыIэу очко кьыщахьын хуейуэ кьапэщылъат.

ЗэIущIэм и япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ хьэщIэхэм бжьыгъэм зэрызрамыгъэхъуэжьыным хущIэкъуащ. Контратакэ закъуэтIакъуэ кьызэрагъэпэщащ, я гуп нэхъыщхьэр я лъэныкъуэмкIэ кьаГанэурэ ялэ сыхьэт ныкъуэр екIуэкIащ. Псыхуабэдэсхэм кьрата Iэмалыр ди щIалэхэм фIы дыдэу кьагъэсэбэпащ. «Спартак-Налшыким» кьыхита угловоим иужькIэ Ольмезовым кьыIэрыхьа топыр Салахетдиновым иритащ. Иужьрейр зэуа топым хьэщIэхэм я гъуащхьэтетым кьригъэгъэзэну Iэмал иIакъым - 1:0.

Къабыкъэ зыбжанэ дэкIри, и лъакъуэм фэбжь зэрригъуэтам и зэранкIэ джэгум хэкIын хуей хъуащ Мэшыкъуэ Ислъам.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм зэрыщIидзэжу, «Мэшыкъуэ-КМВ»-м бжьыгъэ зэхуэдэ ищIыжьну жыджэру ипэкIэ кIуэтащ. КьыхэзгъэщIыпхъэщи, екъуIэныгъэ зыIэрагъэхьэну Iэмалыр ИтIи яIащ, ауэ Щоджэным и фIыгъэкIэ «Спартак-Налшыкым» пашэныгъэр фIэкIуэдакъым. 49-нэ дакъикъэр екIуэкIыу ди гуащхьэтетыр и чэзум гъуэм кьыдэкIри, кьыхуэкIуэ футболистым иIыгъ топыр кьыгтриихащ. КIыкIэпыкIуэу, 57-нэ дакъикъэм штрафноим иту хьэщIэхэр зэуа топым кьригъэгъэзащ.

Абы иужькIэ налшыкдэсхэм бжьыпэр яубыдажащ. Бажэр зэуа топыр гъуэм дыхьэным зымащIэщ иIэжар - штангэм кьигъэлъеижащ. 65-нэ дакъикъэр екIуэкIыу зэIущIэм и кIэух бжьыгъэр наIуэ хъуащ. Машэжьым кьыIэрыхьа топыр псынщIэу хьэщIэхэм я лъэныкъуэмкIэ кьитащ. Абы япэ нэса Мэшыкъуэ Хьэчим хуэзэ дыдэу ар Бацэм и джэкIэ кьитащ. Иужьрейхэм апхуэдэ Iэмалхэр зыIэщIэзымыгъэкI Къантемыр топым щхьэкIэ Iэмал ерыну, бжьыгъэр 2:0-м хуигъэкIуащ.

Къэнэжа зэманым «Спартак-Налшыкым» и тепщэныгъэр нэхъри щIигъэбыдащ, уеблэмэ бжьыгъэр игъэбгъуэнуи Iэмал зыбжанэ иIащ, арщхьакIэ апхуэдэр Iэмалыншагъэу кьэзымыIыта ди щIалэхэм зэхъуэкIыныгъэ кьыхэмыкIыу зэIущIэр и кIэм нагъэсащ.

АдэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ иужьрейуэ зэхэта джэгугъуэм кьрикIуа бжьыгъэхэм: **«Краснодар-3»** (Краснодар) - **«Академия»** (Дон Iус Ростов) - **3:1**, **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **«Чайка»** (Песчаноколское) - **0:2**, **«Волгарь»** (Астрахань) - **«Спартак-Владикавказ»** (Владикавказ) - **1:0**, **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **0:1**, **«Урожай»** (Краснодар) - **«Легион-Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **1:1**, **«Черноморец»** (Новороссийск) - **«Динамо»** (Ставрополь) - **5:0**.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» Мэхъэчкъалэ щригъэкIуэкIынущ. ЩэкIуэгъуэм и 4-м ди щIалэхэр �IущIэнущ «Легион-Динамо»-м.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Урожай»	14	11	3	0	23-8	36
2.	«Чайка»	14	10	4	0	34-10	34
3.	«Волгарь»	14	9	3	2	26-14	30
4.	«Черноморец»	14	8	3	3	31-11	27
5.	«Дружба»	14	8	0	6	16-16	24
6.	«Спартак-Налшык»	14	6	3	5	24-23	21
7.	«Биолог-Новокубанск»	14	6	2	6	16-14	20
8.	«Легион-Динамо»	14	5	5	4	19-15	20
9.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	14	4	4	6	15-19	16
10.	СКА «Дон Iус Ростов»	14	2	7	5	8-14	13
11.	«Спартак Владикавказ»	14	3	3	8	15-21	12
12.	«Краснодар 3»	14	3	3	8	17-30	12
13.	«Ангушт»	14	1	7	6	6-15	10
14.	«Динамо-Ставрополь»	14	2	2	10	15-36	8
15.	«Академия»	14	1	3	10	10-29	6

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэман Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Щхьэщэмыщ1 Иззэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныжмкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъуэныжмкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэныжмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгуэм елэжьахэм: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкl Соня,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* **Нэужькъуэ Заирэ.** *Компьютерклэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.108 ● Заказ №1083

12+